



Established 1915

BROWARD
County Public Schools

Liv Kòd Kondwit pou Elèv

Rezime Chanjman Ane Eskolè 2025-2026

Reòganize epi realiyè konpozan ekzijib pou fasilite plis klarifikasyon:

Seksyon IV: Dwa ak Responsablite Elèv – Mizajou Enfòmasyon sou Prezans ak Absans ak Lwa sou Konfidansyalite Dosye ak Vi Prive Elèv

Seksyon V: Konnen ak Obsève Règ Kondwit – Aparèy Telekominikasyon Sanfil/*Wireless Communication Devices*

Anèks A: Definisyon nan Direktiv la/*Policy Definitions*

Anèks B: Notis Health Insurance Portability and Accountability Act (HIPAA)/ Asirans Sante ak Responsablite

Anèks C: Plan Disiplin/*Discipline Matrix*

Prèvan Paran Resevwa Liv Kòd Kondwit pou Elèv



Nan liv sa, yo pibliye direktiv ak regleman Distri-a, SBBC Policy 5090 Code of Student Conduct, pou elèv nan Lekòl Piblik Broward County. Regleman-yo aplikab pou tout aktivite kap fèt sou teren yon lekòl oswa nan tout lòt kote lekòl-la chwazi pou òganize aktivite; regleman-yo aplikab nan tout machin ki otorize transpòte elèv. Lè ou siyen anba a sa pa vledi ou dakò oswa ou pa dakò avèk regleman-yo, **men savledi ou revwa regleman-yo nan yon fòm elektwonik ki se yon kopi regleman sa yo** (<http://www.browardschools.com/codeofconduct>). Retounen fòm-sa-a nan lekòl-la nan 3 jou apre premye jou lekòl louvri oswa retounen fòm-lan, nan twa jou apati dat anwolman elèv-la. Si ou prefere ranpli tout fòm ki egzib, sou fòm elektwonik, ou ka jwenn aksè nan fòm-yo ak gid rantre klas (Back to School Toolkit) apati sit entènèt Portal pou Paran Focus (Focus Parent Portal).

Manman/Papa dwe patisipe nan edikasyon pitit-yo epi gen responsablite:

- Konnen pou sekirite nan lekòl-la, lekòl-yo pa blije bay sipèvizyon plis pase 30 minit anvan lè ofisyèl lekòl-la kòmanse, ni lekòl-yo pa blije bay sipèvizyon plis pase 30 minit apre lè ofisyèl lekòl-la fèmen (FS 1003.31(2)).
- Konnen pou sekirite lekòl-la, epi konsènan elèv ki pran bis lekòl-la, chofè bis-la PA gen dwa rete sou wout pou kite elèv desann bis-la sòf nan estòp ki prevwa pou elèv-yo desann.
- Bay lekòl la, chak ane, non ak/oswa nimewo telefòn kounyea moun lekòl-la kapab kontakte nan ka ijans (emèjensi) epi fè lekòl-la konnen lè gen chanjman nan ransèyman-an.
- Avèti lekòl-la sou tout sa ki kapab afekte kapasite pitit-yo pou yo aprann, vini lekòl regilyèman, oswa patisipe nan aktivite eskolè.
- Konnen yo dwe bay pitit-yo medikaman annakò ak regleman SBBC Policies 6305 ak 6305.1, respekte dispozisyon amannman ki pase, konnen konsekans fè pase ak/oswa vann oswa eseye vann medikaman achte sou kontwa, genyen ak/oswa itilize medikaman ki pa otorize regleman an esplike nan Regleman/Direktiv SBBC Policy 5100. Regleman SBBC Policy 6305 esplike regleman konsènan medikaman achte sou kontwa ak medikaman doktè preskri epi SBBC Policy 5100 esplike konsekans vyolasyon regleman-sa-yo. Ou kapab gade okonplè direktiv ak regleman sou keksyon sante, sispansyon ak/oswa espilsyon epi tout regleman School Board sou sit <https://www.browardschools.com/school-board/school-board-policies>
- Andwa konnen si lekòl pitit-ou kenbe dosye elèv-yo konfidansyèl epi prive jan sa defini nan seksyon XI liv-sa-a.
- Konnen ni School Board of Broward County ni anplwaye-li pap responsab pou bagay ki entèdi epi pèdi, yo vòlè oswa konfiske; epitou pou aparèy telekomunikasyon sanfil (wireless communication devices) oswa lòt aparèy teknolojik pèsonnèl ki pèdi, vòlè, oswa konfiske.
- Konnen bagay lekòl-la sezi epi yo pa reklame nan fen ane eskolè-a, yap bay-yo nan òganizasyon charitab zòn-lan.
- Konnen yo responsab pou kondwit pitit-yo aleritou ant lekòl-la ak lakay-yo epi nan estòp bis-la. Yon anviwonman aprantisay ki ofri sekirite e ki favorize aprann se kle pou siksè akademik; kifè, tout aksyon yon elèv fè andeyò kanpis lekòl-la kapab afekte seryèzman abilite yon lòt elèv pou li aprann lekòl oswa kapab afekte abilite yon manm pèsonnèl lekòl-la pou li anseye, aksyon-an ap trete kòm yon enfraksyon disiplinè. Pou ensidan grav ki pase nan estòp bis ak/oswa ki pa pase sou pwopriyete School Board, fanmi dwe pran kontak ak lapolis dirèkteman. Pou ennsidan ki konsènan zak bully tankou nwi, entimide, agrese, britalize elatriye (gade definisyon bullying, Section V), yo ta dwe notifiye administratè lekòl-la ki va mennen yon envestigasyon ak/oswa founi asistans ak entèvansyon si direktè lekòl-la/anplwaye ki deziye, jije sa nesesè. Youn nan entèvansyon posib se kontakte ofisyèl lekòl-la (School Resource Officer)kòm ajan resous pou ede nan sitiyasyon an.
- Asire pitit-yo sèvi ak teknoloji tankou rezo konpitè, zouti dijital, Entènèt, lojisyèl (sofware), yon fason legal, moral epi responsab, jan sa defini nan Seksyon VII liv Kòd Kondwit sa.
- Fanmi va kontinye asime responsablite-yo vizavi elèv ki vin majè (18 ane oswa pigran) pou tout bi edikatif ak bi disiplin, esepite nan kèk sikonstans lalwa prevwa.

Note: Seleksyon Paran fè sou chak fòm nan Liv Kòd Kondwit pou Elèv ap rete valab jis lè li soumèt/depoze yon nouvo fòm.

Non Elèv la (EKRI AN LET DETACHE)

Siyati Elèv la

Non Paran/Gadyen (EKRI AN LET DETACHE)

Siyati Paran/Gadyen

Dat

Fòm Otorizasyon Piblikasyon nan Laprès (Tout Klas) 2025-2026

Kòm paran yon elèv Broward County Public Schools (Lekòl Piblik Broward County), mwen konprann laprès, medya lekòl ak Distri a kapab pran foto pitit mwen, filme-li (videyotep) ak/oswa entèvyouve-li nan bi enfòm ak/oswa fè pwomosyon, jan sa endike anba a.

Ou dwe tcheke yon chwa nan toude Seksyon A ak Seksyon B

(Si ou pa tyeke okenn chwa nan yon seksyon, pa defo chwa a vin otomatikman "MWEN PAP pèmèt.")

Seksyon A – Medya ak Laprès

Tanpri Tyeke Chwa #1 oswa Chwa #2

1. ___ **MWEN** pèmèt laprès, medya, fè foto pitit-mwen, filme-li (videyotep) ak/oswa entèvyouve-li sèlman lè medya-a resevwa otorizasyon de Broward County Public Schools (Lekòl Piblik Broward County).
2. ___ **MWEN PAP** pèmèt laprès, medya, fè foto pitit mwen, filme-li (videyotep) ak/oswa entèvyouve-li.

Seksyon B – Lekòl Piblik Broward County

Tanpri Tyeke Chwa #1 oswa Chwa #2

1. ___ **MWEN** pèmèt yo fè foto pitit-mwen, filme-li (videyotep) ak/oswa entèvyouve-li pou piblikasyon lekòl-la (egzanp, albòm pwomosyon-*yearbooks*-, ak jounal lekòl), pou resous ak mwayen kominikasyon lekòl epi Distri a (egzanp, sitweb ak medya sosyo), BECON-TV, epitou evènman ak aktivite lekòl-la. **Note: Pou fasilite piblikasyon lekòl la, Distri a ka kominike enfòmasyon bay founisè ak vandè ki apwouve, enfòmasyon tankou non elèv-la, adrès kay elèv-la, nimewo telefòn elèv/paran, klas elèv-la ap fè, non pwofesè ak nimewo saldeklas. Pozisyon kòm manm nan ekip espò ak nimewo jèzè ka divilge diran evènman espòtif.**
2. ___ **MWEN PAP** pèmèt yo fè foto pitit-mwen, filme-li (videyotep) ak/oswa entèvyouve-li pou piblikasyon lekòl-la (egzanp albòm pwomosyon-*yearbooks*- ak jounal lekòl), pou resous ak mwayen kominikasyon lekòl epi Distri a (egzanp sitweb ak medya sosyo), BECON-TV, epitou evènman ak aktivite lekòl.

Non Elèv la (EKRI AN LÈT DETACHE)

Siyati Elèv la

Dat

Non Paran/Gadyen (EKRI AN LÈT DETACHE)

Siyati Paran/Gadyen

Dat

FERPA Fòm Notifikasyon Chwa ou (Tout Klas) 2025-2026

ATANSYON! Si ou tcheke yon ransèyman oswa plis savledi ransèyman ki tcheke pap parèt nan piblikasyon lekòl, menmsi ou bay otorizasyon nan Seksyon B sou Fòm Otorizasyon piblikasyon nan laprès (Media Release Form). Albòm pwomosyon ak lòt fòm ladann tou. Si ou tcheke "Non Elèv la" anba a, foto elèv la petèt pap parèt nan albòm pwomosyon (yearbook).

REZON DIVILGASYON DIRECTORY INFORMATION

Repètwa/dosye enfòmasyon (Directory Information) gen ransèyman ki kapab idantifye pèsonnèlman yon elèv; jeneralman yo pa konsidere enfòmasyon-an kòm nwizib oswa kòm yon atak sou lavi prive si yo divilge-li. Annakò ak lwa Family Educational Rights and Privacy Act (FERPA), SBBC, kapab revele, si li vle, ransèyman ki nan dosye enfòmasyon pa-li epi ki konsènen yon elèv, kap fè nenpòt klas, si paran-an oswa elèv aje de 18 ane oswa plis pa mande bloke divilgasyon enfòmasyon-an. SBBC rezève dwa-li pou li divilge/kominike enfòmasyon ki nan Directory Information, sèlman:

- bay kolèj, inivèsite oswa lòt enstitisyon edikasyon siperyè elèv-la anwole, ap chache anwolman oswa enstitisyon ki kapab rekrite elèv-la;
- pou evènman spòtif, piblikasyon lekòl, materyèl edikatif ak lòt resous kominikasyon pou lekòl (tankou albòm pwomosyon, pwogram espò, pwogram gradyasyon, bwochi rekritman, pwogram teyat, pou sit Entènèt lekòl-la, ak sit Distri-a, medya sosyo, mesaj (postings ak afich anndan lekòl-la epi pou tout lòt bi ki pa mansyone);
- bay ofisyèl sante piblik Broward County ransèyman pou kominike ak paran, adrese kondisyon ki gen enpòtans sou plan sante piblik jan Depatman Sante Florid (64D-3, F.A.C.) detèminen sa; enkli enfòmasyon ki va ede reprezantan ofisyèl afwonte oswa prepare pou yon pwoblèm sante piblik potansyèl epi konfime; ak/oswa
- pou pataje ransèyman avèk komite kap òganize reyinyon anyen elèv (ak lòt komite sanblab) pou aktivite ki regade reyinyon pwomosyon.

TIP/KATEGORI DOSYE ENFÒMASYON (DIRECTORY INFORMATION)

Fanmi/gadyen elèv kap fè nenpòt klas, oswa elèv ki elijib (vledi elèv ki gen plis pase 18 ane (dizwitan), minè emansipe, elèv kap frekante yon enstitisyon apre lekòl segondè), kapab chwazi pou lekòl-la pa divilge yon pati oswa tout ransèyman ki nan Directory Information, lè li endike avèk yon tchèk (✓), ki ransèyman LEKÒL-LA PA DWE DIVILGE OSWA KOMINIKE:

<input type="checkbox"/> Non Elèv la	<input type="checkbox"/> Non Paran	<input type="checkbox"/> Adrès Rezidansyèl
<input type="checkbox"/> Nimewo Telefòn	<input type="checkbox"/> Dat Nesans	<input type="checkbox"/> Kote Elèv la Fèt
<input type="checkbox"/> Matyè Prensipal li Etidye	<input type="checkbox"/> Aktivite ak Espò sou Parenaj Lekòl la	<input type="checkbox"/> Wotè ak Pwa Manm Ekip Espò
<input type="checkbox"/> Klas Elèv la ap Fè	<input type="checkbox"/> Dat Elèv la Prezan Lekòl	<input type="checkbox"/> Nimewo Jèzè ak Pozisyon nan Ekip
<input type="checkbox"/> Diplòm & Pri/Rekonpans*	<input type="checkbox"/> Non Lekòl oswa Pwogram Elèv la te Ale Anvan/Resaman	<input type="checkbox"/> Nimewo Saldeklas

*Diplòm, pri ak rekonpans enkli travay egzanplè (travay atistik), tout kalite distenksyon, ak ransèyman sou gradyasyon (egzanp, lis elèv kap diplome), epi ekskli mwayèn jeneral GPA.

Note: Chak ane, kit ransèyman ki anwo-a tcheke oswa pa tcheke, fòm-sa-a dwe konplete epi soumèt/depoze nan lekòl-la, NAN 10 JOU APRE PREMYE JOU LEKÒL LOUVRI oswa apati dat anwolman nan ka elèv-la anwole apre kòmansman chak ane eskolè.

Non Elèv la _____ Lekòl _____

Non Paran/Gadyen/Elèv Elijib (ekri an lèt detache) _____

Siyati Paran/Gadyen/Elèv ki Elijib _____ Dat _____

Pran nòt: Anyen elèv, SBBC va kontinye respekte tout demand valid pou pa divilge ransèyman ki fè pati Dosye enfòmasyon, lè elèv la tap frekante lekòl, sòf nan ka elèv-la annile otorizasyon-la (34 CFR 99.37(b)).

Pou paran kap egzèse pwofesyon ak metye ki elijib:

Note: Konfòmman avèk lwa Florida Statute 119.071, pou moun kap egzèse sèten pwofesyon (mari oswa madanm ak timoun konsènen tou), enfòmasyon pèsonnèl seleksyonne ap rete konfidansyèl e lekòl-la pap divilge enfòmasyon-an piblikman pouvike yo jwenn yon egzansyon. Soumèt yon demann alekri pou jwenn egzansyon-an. Si ou se yon anplwaye yon pwofesyon elijib epi ou vle mande enfòmasyon pèsonnèl ou rete konfidansyèl ensike enfòmasyon mari/ madanm ou ak pitit-ou, tanpri pran yon randevou avèk lekòl pitit-ou epi ranpli fòm Parental Request for Exemption of Personal Information for Selected Occupations.

ESSA Fòm Notifikasyon Chwa ou (11zyèm & 12zyèm Ane) 2025-2026

MILITÈ & APRE LEKÒL SEGONDÈ

Annakò ak lwa Chak Elèv dwe Reyisi/Every Student Succeeds Act (ESSA), Distri-a blije, sito li resevwa yon demann, san li pat bezwen konsantman alekri anvan de paran, Distri a va divilge epi kominike **non elèv, adrès ak nimewo telefòn** elèv kap fè klas 11zyèm ak 12zyèm ane (grade), bay:

- **Lame/rekritè sèvis militè** (tankou District Commander oswa Senior Officer biwo rejyonal Lame oswa biwo annèks Lame, ak *United States Coast Guard/GadKòt Etazini*); Lame kapab itilize enfòmasyon-an pou voye notis pa lapòs bay elèv-yo konsènan opòtinite disponib nan Lame Etazini. Pèsonnèl Lame ki responsab jere lis-la dwe sekirize epi pwoteje konfidansyalite lis ki gen ransèyman elèv-yo.
- **Enstitisyon ansèyman siperyè (enstitisyon apre lekòl segondè)**. Pèsonnèl ansèyman siperyè ki responsab jere lis-la, dwe pwoteje konfidansyalite lis ki gen ransèyman elèv-yo.

Sepandan, fanmi/gadyen ak elèv ki elijib (elèv ki gen 18 ane oswa pigran) kapab chwazi anpeche lekòl-la kominike/divilge ransèyman-sa-a si li fè konnen chwa-li anba-a.

Ransèyman Lekòl kapab bay Lame/rekritè sèvis militè:

1. _____ MWEN **pèmèt** lekòl-la kominike Lame/rekritè sèvis militè, ransèyman limite, ki mansyonne anwo a.
2. _____ MWEN **PA** pèmèt lekòl-la kominike Lame/rekritè sèvis militè, san mwen pat bay konsantman mwen anvan, ransèyman limite, ki mansyonne anwo a.

Ransèyman lekòl la kapab bay enstitisyon apre lekòl segondè:

1. _____ MWEN **pèmèt** lekòl-la kominike enstitisyon apre lekòl segondè ransèyman limite ki mansyonne anwo-a.
2. _____ MWEN **PA** pèmèt lekòl la kominike enstitisyon apre lekòl segondè ransèyman limite ki mansyone anwo a, san mwen pat bay konsantman anvan.

Note: Chak ane, kèlkeswa opsyon ki chwazi-a, fòm-sa-a dwe konplete epi soumèt fòm la nan lekòl-la, NAN 10 JOU APRE PREMYE JOU LEKÒL LOUVRI oswa apati dat anwolman nan ka elèv-la anwole apre kòmansman chak ane eskolè.

Anplis fòm sa, tout elèv onzyèm ak douzyèm ane (11th and 12th grade) dwe konplete FERPA Opt-Out Notification Form.

Note: Chak ane, kèlkeswa opsyon ki chwazi a, fòm sa dwe konplete epi soumèt fòm la nan lekòl la, NAN 10 JOU APRE PREMYE JOU LEKÒL LOUVRI, oswa apati dat anwolman nan ka elèv la anwole apre kòmansman chak ane eskolè.

Anplis fòm sa, tout elèv onzyèm ak douzyèm ane (11th and 12th grade) dwe konplete fòm FERPA Opt-Out Notification Form.

Non Elèv la _____ Ane (Grade) _____

Non Lekòl la _____

Non Paran/Gadyen/Elèv Elijib (ekri an lè detache) _____

Siyati Paran/Gadyen/Elèv Elijib _____

Coordinated Student Health Services

Heather Katcher, Director

1400 NW 14 Court

Fort Lauderdale, Florida 33311

phone: 754-321-1575 • fax: 754-321-1695

heather.katcher@browardschools.com

www.browardschools.com/cshs

The School Board of Broward County, Florida

Debra Hixon, Chair
Sarah Leonardi, Vice Chair

Lori Alhadeff
Maura McCarthy Bulman
Adam Cervera, Esq.
Dr. Jeff Holness
Nora Rupert
Rebecca Thompson
Dr. Allen Zeman

Dr. Howard Hepburn
Superintendent of Schools

Pou Paran/Gadyen,

Lèt sa prepare pou enfòm ou, depatman Kowòdinasyon Sèvis Sante Elèv/*Coordinated Student Health Services Department* nan lekòl piblik, *Broward County Public Schools (BCPS)*, ofri anpil sèvis sante.

Sèvis Sante Lekòl

BCPS kolabore ansanm ak Depatman Sante Florid (FDOH) nan Konte Broward pou asire sante ak sekirite pitit ou (elèv la). Poulemoman, Kowòdinasyon Sèvis Sante Elèv (*Coordinated Student Health Services*) anplwaye onivo Distri a enfimye ki gen sètifikasyon epi ki disponib pou ede nan kowòdinasyon sèvis sante eskolè epitou disponib pou nenpòt pwoblèm sante ou ka genyen. Ou ka kontakte dirèk klinik lekòl pitit ou pa telefòn, pwofesyonèl sante ki deziye epi ki sou plas ap ede ou. Kontakte depatman *Coordinated Student Health Services* nan nimewo telefòn 754-321-1575 pou adrese nenpòt kesyon anrapò ak sèvis sante.

Fòm Konsantman Sèvis pou Elèv

Chak ane eskolè, seksyon Konsantman pou Sèvis Sante (*Health Services Consent*) sou fòm Kat enfòmasyon elèv ak Kontak nan ka ljan [Student Emergency Contact Card (SECC)], paran/gadyen dwe konplete, siyen, epi date fòm la pou asire elèv la ka resevwa swen nan klinik lekòl la, pou maladi/blesi (ekzanp: vizit nan klinik lekòl la pou vantfèmal, tèt fèmal, sentòm lagrip/flou, nen senyen, pansman Band-Aid pou ti blesi sou po ak grafouyen, etc). Pitit ou ap resevwa swen pandan yon jounen lekòl oswa pandan aktivite sou patwonaj lekòl la.

Lè Pitit ou Malad

Gade pitit ou lakay ou lè li malad sa va ede pitit ou refè pi vit epi pwoteje lòt kamarad klas li. Tanpri pa voye pitit ou lekòl si lap fè esperyans youn nan sentòm sa yo:

- Touse, move tous
- Tanperai plis pase 100.4 F
- Malgòj grav
- Enfeksyon zye
- Dyare
- Vomi souvan
- Egzema, gratèl
- Pou nan tèt (Head lice)

Anvan pitit ou tounen lekòl, pitit ou pa dwe gen okenn sentòm, li pa dwe vomi, gen dyare, oswa lafyè, pandan omwen yon jounen (24trè) li pa dwe pran okenn medikaman pou fè lafyè la tonbe. BCPS fè yon patenarya ak Hazel. Hazel ap founi sèvis sante adistans (telehealth services) gratis pou tout elèv ki enskri nan BCPS. Tanpri vizite sit www.browardschools.com/cshs pou konsantman ak plis enfòmasyon.

Tès Depistaj Leta Mandate/State Mandated Health Screenings

Lwa Florid, Florida Statute 381.0056, ekzije yo itilize pwosede non-nwizib pou fè tès depistaj pwoblèm sante pou tout elèv kap fè klas KG, 1er, 3zyèm ak 6zyèm ane. Si yon elèv pa pase yon tès depistaj

(health screening), lekòl la ap voye yon lèt referal, lakay-ou, nan lèt la nap endike plis evalyasyon nesèsè epi mande ou al wè yon doktè. Si ou vle chwazi pitit ou pa patisipe nan tès depistaj (screening), ekri yon lèt. Enfòmasyon sou tès depistaj sante ap rete konfidansyèl, epi rezilta yo klase nan dosye kimilatif chak elèv. Annapre, ou va jwenn enfòmasyon sou klas patisipan nan tès depistaj:

- o Vizyon: Elèv kap fè klas kindègadenn, 1, 3, 6, ak elèv ki nouvo nan BCPS jiska 5kyèm ane
- o Tande: Elèv kap fè klas kindègadenn, 1, 3, 6, ak elèv ki nouvo nan BCPS jiska 5kyèm ane
- o Endis Mas Kòpòrèl (BMI): Elèv kap fè klas 1, 3, ak 6, epi elèv ki nouvo nan BCPS jiska 5kyèm ane
- o Eskolyòz: Elèv klas sizyèm ane

Eta/Kondisyon Sante

Si pitit ou gen youn nan eta/kondisyon sante sa yo, enkli, men pa limite ak, anafilaksi, las/asma, dyabèt, fibwòz sistik (cystic fibrosis), kriz, tanpri enfòmè lekòl la, konplete devan ak do Kat enfòmasyon elèv ak kontak nan ka ijans [Student Emergency Contact Card] epi yon fòm [Health Condition Review](#). Selon eta sante ki rapòte, lekòl la ka mande ou soumèt dokimantasyon. Yon founisè swen sante/doktè ka ba-ou dokimantasyon an. Tanpri vizite sit [Coordinated Student Health Services / Chronic Health Conditions \(browardschools.com\)](#) pou plis enfòmasyon.

Administre Medikaman nan Lekòl (Preskripsyon/Medikaman achte sou Kontwa)

Si medikaman oswa tretman medikalman nesèsè pandan yon jounen lekòl, tanpri soumèt fòm aktyèl [Medication/Treatment Authorization](#) [Otorizasyon Medikaman/Tretman] nan lekòl la. Yon doktè ak paran/gadyen dwe siyen fòm la. Fòm la disponib sou sit www.browardschools.com/healthforms.

Pou elèv ki fè sik (dyabèt), Plan Medikal Jere Dyabèt [*Diabetes Medical Management Plan (DMMP)*] ekzijib epi doktè/founisè swen sante ak paran/gadyen dwe konplete epi siyen fòm la. Fòm la aksesib epi disponib sou sit www.browardschools.com/healthforms.

Otorizasyon pou Medikaman/Pwodi Seleksyon ki achte sou Kontwa (OTC) avèk Konsantman Paran

Pou elèv kap fè klas 9-12, yon elèv ka pote yon medikaman sou li, pouvike paran/gadyen konplete epi siyen fòm *Authorization for selected over-the-counter medication* (Otorizasyon pou medikaman seleksyon ki achte sou kontwa). Plis enfòmasyon disponib, vizite sit entènèt www.browardschools.com/healthforms

Vaksen - Immunizations

Annakò ak lwa Florida statute 1003.22 anvan admisyon oswa anvan elèv frekante lekòl piblik oswa prive nan Florid, “klas kindègadenn rive 12zyèm ane”, chak elèv dwe prezante prèv dokimantasyon vaksinasyon sou yon fòm Florida Department of Health (FDOH) Form DH 680 oswa DH 681. Pou asire pitit ou pare pou antre lekòl, ou ka bezwen verifye si li pran tout vaksen ki ekzijib lè ou vizite doktè/founisè swen sante pitit ou oubyen kontakte FDOH nan Broward, telefòn (954) 467-4700. Sèl FDOH ka ba-ou yon egzansyon relijye, si ou vle youn. Pou plis enfòmasyon, ak enfòmasyon sou klinik kote pitit ou ka pran vaksen gratis, tanpri vizite sit <http://www.browardschools.com/vaccinations>.

Resous Kominotè

Si ou pa gen asirans sante, ou ka mande ranpli yon aplikasyon Florida Kid Care Insurance, vizite sit [KidCare Outreach | Florida Department of Health in Broward \(floridahealth.gov\)](#)

Pwogram Florida Heiken Children's Vision Program ofri gratis konsiltasyon konplèt pou zye ak preskripsyon linèt, si sa nesèsè, pou elèv ki bezwen sèvis la. Vizite sit [English.pdf \(browardschools.com\)](#)

Si ou gen kesyon, tanpri kontakte Coordinated Student Health Services, telefòn (754) 321-1575, oswa vizite sit www.browardschools.com/cshs

Kat Enfòmasyon Elèv ak Kontak nan Ka Ijans Lekòl Piblik Broward County 2025-26

Mizajou fòm sa dwe fèt chak ane

Office Use Only	Student #	Grade Level:	<input type="checkbox"/> Court Order	<input type="checkbox"/> Medical	
	Date Enrolled:		<input type="checkbox"/> Special Needs	<input type="checkbox"/> Other	
<p>Nan ka ijans (emèjensi), li enpòtan pou lekòl la kapab kontakte paran elèv la (selon esplikasyon anba a). Tanpri reponn kesyon yo ak enfòmasyon ou sou de bò kat sa avèk atansyon epi kòrèkteman. Tanpri ekri ak yon plim epi ekri yon jan pwòp epi klè. Non toude paran yon elèv (selon definisyon Section 1000.21(6), Florida Statutes), non paran/<u>gadyen</u> dwe parèt sou lis Kat enfòmasyon elèv ak kontak nan ka ijans, kòm moun otorize vin chache timoun lan nan lekòl la sòf si gen òdonans tribinal ki revoke dwa paran (parental rights) epi bay direksyon lekòl la yon kopi sètifye konfòm ak jijman tribinal la. Toude paran dwe deziye sou Kat enfòmasyon elèv ak Kontak nan ka Ijans (Student Emergency Contact Card) moun yo otorize vin chache pitit yo nan lekòl la. Sou kat la, paran pa gen dwa efase oswa chanje, nan okenn fason, non lòt moun paran an bay pou vin chache pitit la.</p>					
Enfòmasyon Elèv	Siyati:		Prenon:		
	Dat Nesans: / /		Pwofesè sèlman lekòl primè:		
	Adrès Lakay:				
	Adrès Postal (si se pa menm ak adrès kay la):				
	Tyeke sa ki aplikab parapò ak elèv rezidan: <input type="checkbox"/> Medikal <input type="checkbox"/> Jijman/Òdonans Tribinal <input type="checkbox"/> Bezwen Spesyal <input type="checkbox"/> Lòt				
	Èske elèv la te gen chanjman adrès depi dènye fwa li te enskri? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non				
	Nan dosye elèv la, èske gen yon jijman tribinal ki anpeche yon paran kominike ak elèv la? <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Wi, kontakte lekòl la				
	Non prefere (plizyè non prefere)/Tinon (plizyè tinon):				
	Anplwaye lekòl la ka fè referans a/rele pitit mwen pa non prefere li oswa tinon li, mansyone anwo a, epi sou dokiman non-ofisyèl epitou pandan evènman eskolè/distri a òganize.				
	Siyati:		Dat:	Relasyon ak Elèv la:	
Paran	Siyati:		Prenon:		
	Adrès kay (si se pa menm ak adrès elèv la):		Vil, Eta, Zipkòd:		
	Anplwayè:		Imel Paran:		
Lòt Paran	Siyati:		Prenon:		
	Adrès kay (si se pa menm ak adrès elèv la):		Vil, Eta, Zipkòd:		
	Anplwayè:		Imel Paran:		
Moun ki Otorize/Kontak	Tanpri sou tablo anba a fè lis non moun lekòl la kapab renmèt pitit ou oswa kilès moun nou ka kontakte sizoka nou pa ka kominike ak ou. NOU PAP RENMÈT OKENN ELÈV BAY NENPÒT MOUN SÒF MOUN KI GEN NON-YO EKRI ANBA A. Toude paran ka deziye sou Kat Enfòmasyon Elèv ak Kontak nan Ka Ijans moun yo otorize vin chache pitit yo lekòl. Lè wap chwazi yon moun ou otorize lekòl la renmèt pitit ou, konsidere si moun sa pare pran anchaj bezwen medikal espesyal pitit ou. Mwen menm/Nou menm, sou dokiman sa, otorize kontak ki gen enfòmasyon anrapò ak ijans, divulge li oswa renmèt elèv la (pitit mwen) bay moun sa yo, nan ka maladi, evakiyasyon, oswa lòt ijans ki ka rive pandan elèv-la nan lekòl la.				
	Non:		Relasyon ak elèv la:		
Mwen deklare enfòmasyon mwen bay sou kat sa vre epi kòrèk. Map notifiye direksyon lekòl la san pèdi tan, si gen chanjman nan enfòmasyon an:					
Siyati:		Dat:	Relasyon ak Elèv la:		
Ransèyman pèsònèl ou bay sou fòm sa ap rete konfidansyèl (yon kote sekirite) epi sèl estaf lekòl la ka itilize epi divulge enfòmasyon an kan sa nesèsè.					

Kat Enfòmasyon Elèv ak Kontak nan Ka Ijans Lekòl Piblik Broward County 2025-26

Mizajou fòm sa dwe fèt chak ane

Student Last Name:

First:

Middle:

Grade Level:

Konsantman pou Sèvis Sante	<p>Konsantman pou Sèvis nan Klinik Lekòl la: Swen ak tretman pou maladi ak blesi (Paregzanp: Vizit nan Klinik Lekòl la pou vantfèmal, tèt fèmal, sentòm lagrip/flou, nen seyen, ti pansman Band-Aid pou ti blesi sou po ak grafouyen, etc.).</p> <p><input type="checkbox"/> WI, Mwen bay konsantman mwen pou enfimye lekòl la, pwofesyonèl lasante ki resevwa fòmasyon, oswa anplwaye lekòl la ki resevwa fòmasyon pran swen pitit mwen pandan jounen lekòl la ak lè aktivite andeyò lekòl la, sòti edikatif (field trips) ladann tou.</p> <p><input type="checkbox"/> NON, Mwen konprann pwofesyonèl sante oswa anplwaye lekòl la PAP trete pitit mwen pou swen ki pa ijans . Si nan seksyon sa espas la vid oswa pa siyen, pèsonek lekòl la PAP kapab bay pitit mwen swen esepite lè ijans medikal.</p> <p>Tès Depistaj Pwoblèm Sante (Health Screenings) Leta Mandate, F.S. 381.0056(3): Elèv kap fè sèten klas ka patisipe nan tès depistaj leta Mandate (Kindègaden, 1er , 3zyèm ak 6zyèm ane) <u>yap pran</u> tès depistaj spesifik, vizyon (wè), tande (hearing), kwasans ak devlopman, epi eskolyòz selon plan sèvis sante distri a founi. Yap akòde egzansyon pou nenpòt elèv ki pap patisipe nan tès depistaj si paran oswa gadyen li mande alekri yon egzansyon.</p> <p>Mwen bay konsantman mwen pou pitit mwen resevwa tout sèvis sante ki endike anwo a. Mwen konprann si konsantman mwen apwouve, BCPS ap divilge dosye edikasyon pitit mwen (ransèyman medikal ladann tou) bay sèvis swen enfimye ki sou kontra epi ki te bay pitit mwen tretman.</p> <p>Siyati: _____ Dat: _____ Relasyon ak Elèv la: _____</p>																		
Enfòmasyon Medikal	<p>Chak ane eskolè, yo dwe rapòte enfòmasyon medikal oframezi gen chanjman. Enfòmasyon anrapò ak pwoblèm sante ki te rapòte nan ane anvan yo pap konsidere ajou, sòf endikasyon kontrè. Si ou tyeke pitit ou kounyea gen yon maladi/eta sante, ou dwe konplete fòm Revizyon Eta Sante (<i>Health Condition Review Form</i>) EPI soumèt nan lekòl pitit ou dokimantasyon ke founisè swen sante/doktè ba-ou.</p> <p><input type="checkbox"/> Pitit mwen PA soufri oswa pa soufri ankò ak malady/eta sante ki masyone anba a Tanpri tyeke tout malady/eta sante pitit ou gen kounyea epi yon doktè oswa pwofesyonèl sante te dyagnostike:</p> <table border="1" style="width: 100%; border-collapse: collapse;"> <tr> <td style="width: 25%;"><input type="checkbox"/> ADD/ADHD</td> <td style="width: 25%;"><input type="checkbox"/> Alèji (Pa mete lavi andanje)</td> <td style="width: 25%;"><input type="checkbox"/> Alèji (Mete lavi andanje)</td> <td style="width: 25%;"><input type="checkbox"/> Las/asma (Ap pran medikaman toulejou oswa medikasyon ijans)</td> </tr> <tr> <td><input type="checkbox"/> Otis/Autism</td> <td><input type="checkbox"/> Maladi koagilasyon</td> <td><input type="checkbox"/> Kansè</td> <td><input type="checkbox"/> Maladi kè</td> </tr> <tr> <td><input type="checkbox"/> Fibwòz sistik/Cystic fibrosis</td> <td><input type="checkbox"/> Dyabèt – Tip 1</td> <td><input type="checkbox"/> Dyabèt – Tip 2</td> <td><input type="checkbox"/> Epilepsi/ Kriz (konvilsyon lafyèv (PA ladann))</td> </tr> <tr> <td><input type="checkbox"/> Maladi ren</td> <td><input type="checkbox"/> Lupus</td> <td><input type="checkbox"/> Pwoblèm sante mantal/sante konpòtman</td> <td><input type="checkbox"/> Anemi falsifòm (PA gen trè anemi falsifòm)</td> </tr> </table> <p><input type="checkbox"/> Lòt pwoblèm sante (Spesifye): _____</p> <p>Èske pitit ou pote linèt/vè kontak? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non Èske pitit ou pote aparèy pou ede li tande (hearing aid)? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non</p>			<input type="checkbox"/> ADD/ADHD	<input type="checkbox"/> Alèji (Pa mete lavi andanje)	<input type="checkbox"/> Alèji (Mete lavi andanje)	<input type="checkbox"/> Las/asma (Ap pran medikaman toulejou oswa medikasyon ijans)	<input type="checkbox"/> Otis/Autism	<input type="checkbox"/> Maladi koagilasyon	<input type="checkbox"/> Kansè	<input type="checkbox"/> Maladi kè	<input type="checkbox"/> Fibwòz sistik/Cystic fibrosis	<input type="checkbox"/> Dyabèt – Tip 1	<input type="checkbox"/> Dyabèt – Tip 2	<input type="checkbox"/> Epilepsi/ Kriz (konvilsyon lafyèv (PA ladann))	<input type="checkbox"/> Maladi ren	<input type="checkbox"/> Lupus	<input type="checkbox"/> Pwoblèm sante mantal/sante konpòtman	<input type="checkbox"/> Anemi falsifòm (PA gen trè anemi falsifòm)
<input type="checkbox"/> ADD/ADHD	<input type="checkbox"/> Alèji (Pa mete lavi andanje)	<input type="checkbox"/> Alèji (Mete lavi andanje)	<input type="checkbox"/> Las/asma (Ap pran medikaman toulejou oswa medikasyon ijans)																
<input type="checkbox"/> Otis/Autism	<input type="checkbox"/> Maladi koagilasyon	<input type="checkbox"/> Kansè	<input type="checkbox"/> Maladi kè																
<input type="checkbox"/> Fibwòz sistik/Cystic fibrosis	<input type="checkbox"/> Dyabèt – Tip 1	<input type="checkbox"/> Dyabèt – Tip 2	<input type="checkbox"/> Epilepsi/ Kriz (konvilsyon lafyèv (PA ladann))																
<input type="checkbox"/> Maladi ren	<input type="checkbox"/> Lupus	<input type="checkbox"/> Pwoblèm sante mantal/sante konpòtman	<input type="checkbox"/> Anemi falsifòm (PA gen trè anemi falsifòm)																
Asirans Sante	<p>Tanpri tyeke bwat seleksyon apwopriye: <input type="checkbox"/> Asirans Sante Prive <input type="checkbox"/> Florida KidCare/ Florida Healthy Kids <input type="checkbox"/> Medicaid <input type="checkbox"/> Pa gen asirans</p> <p>Si ou PA gen asirans sante, èske ou ban-nou pèmisyon kominike bay Florida KidCare Insurance non elèv la, non paran, enfòmasyon kouman yo ka kontakte ou, ak estati kouvèti asirans sante ou kounyea pou evalyasyon asirans sante pou yo wè si ou elijib pou kouvèti asirans sante?</p> <p><input type="checkbox"/> Wi, siyen isit lamenm: _____ <input type="checkbox"/> Non</p>																		
Kominike Enfòmasyon Medikal ak Ijans	<p>Nan papye sa, mwen otorize lekòl la pataje ak ofisyèl depatman sante piblik enfòmasyon medikal pitit mwen, enfòmasyon fason yo ka kontakte mwen paran ak lòt enfòmasyon sou sante (kolekte lè sèvis sante lekòl la founi swen, lè enfòmasyon estoke elektwonikman). Pataj enfòmasyon sa pèmèt ofisyèl depatman sante piblik adrese kondisyon medikal ki gen enpòtans sou plan sante piblik, epitou afwonte ak prepare pou pwoblèm sante piblik potansyèl oswa konfime. Pou elèv kap resevwa sèvis sante nan lekòl la oswa nan men estaf Distri a ak/oswa patnè sou kontra, mwen otorize Distri a pataje ransèyman idantifyab sante pitit mwen ak lòt ransèyman demografik ke Depatman Sante Florid va itilize kòm kontwòl pou asire Distri a ak lekòl yo an règ, epi evalye efikasite sèvis yo.</p> <p>Siyati: _____ Dat: _____</p> <p>Nan ka ijans anrapò ak sante, lekòl la va divilge ransèyman medikal ak lòt enfòmasyon san li pat bezwen konsantman anvan nan men paran/elèv ki elijib, jan lwa Dwa Edikasyonèl pou Fanmi ak Vi Prive (FERPA) otorize l. Lekòl la va kontakte sèvis dijans medikal si li jije sa nesèsè. Lekòl la va otorize transpòtasyon nan klinik oswa lopital, selon sa pèsonek medikal anbilans (paramedik) detèmine.</p>																		
Enfòmasyon pou Lè Lekòl Lage	<p>Pwosedi regilye pou lè Lekòl Lage, Nan yon jounen tipik, kouman pitit ou ap tounen lakay li?</p> <table border="1" style="width: 100%; border-collapse: collapse;"> <tr> <td style="width: 33%;"><input type="checkbox"/> Monte nan machin</td> <td style="width: 33%;"><input type="checkbox"/> Monte bis lekòl</td> <td style="width: 33%;"><input type="checkbox"/> Pran transpòtasyon piblik</td> </tr> <tr> <td><input type="checkbox"/> Ale nan pwogram aftèkè NAN lekòl la</td> <td><input type="checkbox"/> Ale nan pwogram aftèkè ANDEYÒ lekòl la</td> <td><input type="checkbox"/> Mache oswa monte bisiklèt li pou lal lakay li</td> </tr> </table> <p>Pwosedi regilye pou lè lekòl lage nan ka ijans: Nan ka move tan oswa lòt ranvwa ijans enprevi, ou di pitit ou pou li:</p> <table border="1" style="width: 100%; border-collapse: collapse;"> <tr> <td style="width: 33%;"><input type="checkbox"/> Mache pou lal lakay li</td> <td style="width: 33%;"><input type="checkbox"/> Monte bis lekòl kòm dabitid</td> <td style="width: 33%;"><input type="checkbox"/> Pran transpòtasyon piblik</td> </tr> <tr> <td><input type="checkbox"/> Tounen lakay li sèlman ak paran li</td> <td colspan="2"><input type="checkbox"/> Tounen lakay li avèk yon moun, non moun lan deja sou lis kontak otorize</td> </tr> </table>			<input type="checkbox"/> Monte nan machin	<input type="checkbox"/> Monte bis lekòl	<input type="checkbox"/> Pran transpòtasyon piblik	<input type="checkbox"/> Ale nan pwogram aftèkè NAN lekòl la	<input type="checkbox"/> Ale nan pwogram aftèkè ANDEYÒ lekòl la	<input type="checkbox"/> Mache oswa monte bisiklèt li pou lal lakay li	<input type="checkbox"/> Mache pou lal lakay li	<input type="checkbox"/> Monte bis lekòl kòm dabitid	<input type="checkbox"/> Pran transpòtasyon piblik	<input type="checkbox"/> Tounen lakay li sèlman ak paran li	<input type="checkbox"/> Tounen lakay li avèk yon moun, non moun lan deja sou lis kontak otorize					
<input type="checkbox"/> Monte nan machin	<input type="checkbox"/> Monte bis lekòl	<input type="checkbox"/> Pran transpòtasyon piblik																	
<input type="checkbox"/> Ale nan pwogram aftèkè NAN lekòl la	<input type="checkbox"/> Ale nan pwogram aftèkè ANDEYÒ lekòl la	<input type="checkbox"/> Mache oswa monte bisiklèt li pou lal lakay li																	
<input type="checkbox"/> Mache pou lal lakay li	<input type="checkbox"/> Monte bis lekòl kòm dabitid	<input type="checkbox"/> Pran transpòtasyon piblik																	
<input type="checkbox"/> Tounen lakay li sèlman ak paran li	<input type="checkbox"/> Tounen lakay li avèk yon moun, non moun lan deja sou lis kontak otorize																		
Frè ak Sè ak Lang ki Pale Lakay	<table border="1" style="width: 100%; border-collapse: collapse;"> <tr> <td style="width: 33%;">Siyati:</td> <td style="width: 33%;">Prenon:</td> <td style="width: 33%;">Klas (Grade):</td> </tr> <tr> <td> </td> <td> </td> <td> </td> </tr> <tr> <td> </td> <td> </td> <td> </td> </tr> </table> <p>Tanpri ekri lòt lang ki pale lakay ou: _____</p>			Siyati:	Prenon:	Klas (Grade):													
Siyati:	Prenon:	Klas (Grade):																	
Kesyon Sondaj	<p>Tanpri ede nou konprann pi byen asistans nan kominote lekòl nou lè ou reponn kesyon sa yo:</p> <table border="1" style="width: 100%; border-collapse: collapse;"> <tr> <td style="width: 80%;">Èske pitit ou gen aksè konpitè lakay ou?</td> <td style="width: 20%;"><input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non</td> </tr> <tr> <td>Èske ou gen koneksyon Entènèt lakay ou?</td> <td><input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non</td> </tr> <tr> <td>Èske pitit ou gen aksè Entènèt nan konpitè lakay ou?</td> <td><input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non</td> </tr> <tr> <td>Èske ou gen aksè Entènèt andeyò lakay ou?</td> <td><input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non</td> </tr> </table> <p>Tanpri endike fason ou prefere lekòl la kontakte ou: <input type="checkbox"/> Telefòn <input type="checkbox"/> Tèks mesaj <input type="checkbox"/> Imel</p>			Èske pitit ou gen aksè konpitè lakay ou?	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	Èske ou gen koneksyon Entènèt lakay ou?	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	Èske pitit ou gen aksè Entènèt nan konpitè lakay ou?	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	Èske ou gen aksè Entènèt andeyò lakay ou?	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non								
Èske pitit ou gen aksè konpitè lakay ou?	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non																		
Èske ou gen koneksyon Entènèt lakay ou?	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non																		
Èske pitit ou gen aksè Entènèt nan konpitè lakay ou?	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non																		
Èske ou gen aksè Entènèt andeyò lakay ou?	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non																		

Health Condition Review / Revizyon Eta Sante

Ane Lekòl 20____ - 20____

ÈSKE OU KONPLETE KAT KONTAK NAN KA IJANS OU DWE RANPLI CHAK ANE? Wi Non

Siyati Elèv la: _____
Dat nesans: _____

Prenon Elèv la: _____
Klas: _____

Definisyon eta/kondisyon sante se eta sante ki ka dire (1) ane oswa plis epi ekzije atansyon medikal kontini, limite aktivite lavi toulejou, oswa toulede.

SWEN ELÈV/TRENING

- Plan Sante Endividyèl [Individual Healthcare Plan (IHCP)] se yon plan daksyon prepare pou jere bezwen sante aktyèl epi potansyèl pandan jounen lekòl, sòti òganize (field trips) epi aktivite sou patwonaj lekòl.
 - Yo ka kreye yon plan IHCP pou elèv ki gen yon eta/kondisyon sante *verifye*, ki ekzije medikaman oswa yon pwosedi, pandan yon jounen lekòl.
- Plan Sante ann Ijans [Emergency Care Plan (ECP)] espliche etap pa etap enstriksyon pou sa yon moun dwe fè pandan yon ijans (emèjensi).
 - Yo ka devlope yon ECP pou elèv ak ris emèjensi potansyèl (vledi, anafilaksi, kriz, dyabèt, las).
- Si lwa sou Family Educational Rights and Privacy Act (FERPA) otorize l, enfòmasyon sou eta/kondisyon sante sou ECP ap pataje avèk pèsònèl lekòl ki konsène.
- Yon founisè swen sante/doktè dwe dokimante eta sante avèk yon dyagnostik, esepite ADD/ADHD, alèji ki pa mete lavi andanje, kondisyon mantal/sante konpòtman ak "lòt".

Kondisyon/Eta Sante:

Tyeke **SÈLMAN** kondisyon/eta sante aktyèl. *Endike kondisyon/eta sante ki ekzije dokimantasyon alekri dyagnostik yon founisè swen sante/doktè fè.

- ADD/ADHD (Defisi Atansyon / Ipèaktivite)
- Alèji – pa mete lavi an danje (pa grav)
- Alèji – mete lavi an danje (grav)*
- Las/Asma*
- Twoub Kowagilasyon*
- Kansè*
- Kondisyon Kè*
- Fibwòz sistik*

- Dyabèt – Tip 1*
- Dyabèt – Tip 2*
- Epilepsi/ Kriz*
- Maladi Ren*
- Lupus*
- Anemi falsifòm*
- Eta sante pa egziste kounyea
- Lòt

Dat dyagnostik: _____
Siy ak sentòm (si genyen): _____
Deklanche alèjèn (si genyen): _____
Ospitalize resaman akòz dyagnostik? **Wi** **Non** Dat: _____
Chiriji resan anrapò ak dyagnostik? **Wi** **Non** Dat: _____
Restriksyon aktivite nan lekòl? **Wi** **Non**

Enfòmasyon adisyonèl (*enkli efè segondè spesifik konni akòz medikaman elèv la pran.*)

Tanpri ban-nou pi bon enfòmasyon kontak, non ak nimewo telefòn, manm pèsònèl lekòl la ka bezwen ransèyman pou li kominike eta/kondisyon sante pitit ou.

Paran/Gadyen (Ekri Non ou an lèt detache): _____

Nimewo Telefòn nou ka Kontakte ou: _____

Paran/Gadyen (Siyati): _____

Relasyon ak Elèv la: _____

*****CLINIC USE ONLY*****

PARENT / HEALTHCARE STAFF COMMUNICATION:

- Date/Time: _____ Medication Authorization Form Emergency Contact Card Unable to reach parent/guardian Letter sent home
- Date/Time: _____ Medication Authorization Form Emergency Contact Card Unable to reach parent/guardian Letter sent home
- Date/Time: _____ Medication Authorization Form Emergency Contact Card Unable to reach parent/guardian Letter sent home
- Date/Time: _____ No verified health condition [Remove from School Application] Referral (Admin, Social Work, Food & Nutrition, etc.)

The signature below serves as an annual health record review:

RN Name: _____ RN Signature: _____ Date: _____

- Student needs IHP only Student needs IHP and ECP No plan required at this time



2025-2026

Vaksen Ekzijib pou Lekòl

Anvan yon elèv antre lekòl oswa ale lekòl an-pèsonn oswa patisipe nan sesyon vityèl, sou entènèt (klas kindègadenn rive douzyèm ane) chak timoun dwe soumèt sètifika vaksen, fòm DH 680 [*Florida Certification of Immunization (DH 680 form)*]*, ki dokimante elèv la pran vaksen sa yo:

Kindègadenn rive Douzèm Ane:

- Kat oswa senk dòz vaksen difteri-tetanòs-pertussis (DTaP)±
- Twa dòz vaksen epatit B (Hep B)
- Kat oswa senk dòz vaksen polyo (IPV)**
- De dòz vaksen woujòl-oreyon-ribeyòl (MMR)
- De dòz vaksen varisèl †

Setyèm Ane:

Anplis vaksen ki obligatwa pou kindègadenn rive douzyèm ane, elèv kap antre nan klas setyèm ane oswa elèv kap fè klas setyèm ane dwe konplete:

- Pran yon dòz vaksen tetanos-difteri-pertussis (Tdap) klas setyèm rive douzyèm ane
- Obteni yon mizajou fòm DH 680 avèk vaksen Tdap, ke elèv la pran, epi soumèt fòm la nan lekòl la

Ale nan klinik doktè ou oswa pedyat ou epi obteni fòm vaksen DH 680 Form*.

Pou enfòmasyon sou klinik kote elèv ka pran vaksen gratis, vizite browardschools.com/vaccinations

Elèv ki pa gen sètifika vaksen konplèt/*Certificate of Immunization, ki endike yo vaksine epi pran tout vaksen obligatwa selon aktyèl kalandriye vaksinasyon, yo pap pèmèt elèv yo ale nan klas jiskaske yo soumèt nan lekòl la dokiman sa.**

Absans poutèt elèv pa respekte kondisyon pou vaksen obligatwa ap konsidere kòm absans ki pa eskize. (F.S. s. 1003.22(1)) (BCPS Policy 5.5-IV.C.2)

* Elèv ka ale lekòl fòm DH 680 pa nesesè si yo gen egzansyon medikal (DH 680-Part B/C form) oswa egzansyon relijiye (DH 681 form).


± Senkyèm dòz vaksen DTaP pa nesesè si elèv la te pran katyèm dòz vaksen lè li te gen 4tran oswa pigran.

** Si elèv la pran kat dòz vaksen oswa plis anvan li te gen 4tran, elèv la dwe pran yon dòz adisyonèl ant laj 4tran ak 6zan epi omwen nan lespas sis mwa apre dòz vaksen anvan. Yon katyèm dòz vaksen pap nesesè si elèv la te pran twazyèm dòz vaksen lè li te gen 4tran oswa pigran epi omwen nan lespas sis mwa apre dòz vaksen anvan.

† Vaksen kont varisèl pa obligatwa si founisè swen sante/doktè ou te dokimante maladi varisèl la.

Distri lekòl nou ap fè yon patenarya avèk Hazel Health, Inc epi Telehealth Services USA d/b/a Hazel Health Services ("Hazel Health Services") pou asire bon kalite sèvis swen sante aksesib pou tout elèv. Enfimyè lekòl oswa reprezantan pwofesyonèl sante lekòl la ka inisye yon vizit medikal grasa videyo ansanm ak youn nan doktè kap travay ak Hazel. Konsa nap evite delè initil nan swen elèv la. Konplete fòm la epi wap jwenn aksè a sèvis pratik sa.

Konplete fòm sa anliy epi enfòmè ou sou Hazel sou sit:



getstarted.hazel.co/district/broward

Mwa / Jou / Ane

 Prenon Elèv la Non Elèv la Dat Nesans Elèv la

 Nimewo ID Elèv la Adrès Elèv la Vil/Eta/Zipkòd

 #1 Non Paran /Gadyen Legal Relasyon ak Elèv la Telefòn Selilè *Preferè* Imel *Preferè*

 #2 Non Paran /Gadyen Legal Relasyon ak Elèv la Telefòn Selilè *Preferè* Imel *Preferè*

Enfòmasyon sou Asirans Sante

Konbyen map peye pou yon vizit Hazel? Tou sèvis Hazel Health gen 100% kouvèti asirans, fanmi ou pap peye anyen.

Kilès moun kap asire sèvis sa yo gen kouvèti asirans? Tankou yon doktè, Hazel ap voye yon bil (bòdwò) bay konpani asirans elèv la pou sèvis li te founi. Si pa gen kouvèti asirans sante pou yon sèvis swen sante Distri lekòl la ap peye depans la. Fanmi **pa** peye anyen.

Ou pap resevwa yon bil (bòdwo) paske ou itilize sèvis Hazel – kèlkeswa kouvèti asirans sante ou genyen, oswa dediktib ou. Yon fwa yon vizit konsiltasyon tèminal, ou ka resevwa yon Esplikasyon Benefis [Explanation of Benefits (EOB)] pa lapòs, de konpani asirans ou. Se pa yon bil; se senpleman yon dosye ki anrejistre vizit medikal la. Okenn aksyon pa nesèsè.

E si pitit mwen pa gen asirans sante? Si Hazel verifiye pitit ou pa gen asirans, 100% kouvèti asirans sante garanti pou swen li va resevwa.

Pou plis enfòmasyon, tanpri gade kesyon moun poze souvan, FAQs, sou sit www.hazel.co/faq

Tanpri bay enfòmasyon asirans sante pitit ou epi konplete chak sesyon anba a. Enfòmasyon asirans sante ou ap rete konfidansyèl epi estoke nan yon kote an sekirite.

 Konpani Asirans Manm Nimewo idantifikasyon (ID Number) Nimewo Gwoup (si aplikab)

 Prenon Moun ki gen asirans sante Non moun ki gen asirans sante (Policy Holder) Relasyon ak Elèv la Dat Nesans Policy Holder

 Adrès Moun ki gen asirans sante la (Policy Holder) Vil/Eta/Zipkod

Lè mwen fè yon tyèk anndan bwat seleksyon, mwen ateste pitit mwen pa gen okenn kouvèti asirans sante kounyea.

Mwen li Hazel Health Otorizasyon Sèvis ak Politik Konfidansyalite epi: (Anba a tyeke anndan yon sèl bwat seleksyon)

MWEN BAY pèmisyon pou pitit mwen resevwa sèvis swen sante; doktè Hazel Health ka fè konsiltasyon an.

MWEN PA bay pèmisyon pou pitit mwen resevwa sèvis swen sante; doktè Hazel pa dwe fè konsiltasyon an.

Siyati Paran / Gadyen Legal / Reprezantan Leal (Obligatwa) Dat

TANPRI KONTINYE ALE SOU PAJ 2 POU ANTRE ALÈJI KONNI & LOT ENFOMASYON SANTE
 Konsantman sa ap rete valid sòfsi paran / gadyen legal / reprezantan legal revoke konsantman an.

Prenon Elèv la

Non Elèv la

Dat Nesans Elèv la

Èske pitit ou gen okenn alèji?

- WI NON Medikaman pou alèji Tanpri fè lis medikaman: _____
- WI NON Alèjik ak manje Tanpri fè lis manje ou fè alèji ak: _____
- WI NON Alèji Sezon/Anviwonmantal Tanpri fè lis alèji: _____

Èske pitit ou ap pran medikaman kounyea?

- WI NON Tanpri fè lis medikaman: _____

Si doktè Hazel rekonmande elèv la pran sèten medikaman, èske yo ka bay pitit ou youn nan medikaman sa yo (selon laj/pwa apwopriye) lè li lekòl?

- | WI | NON | | WI | NON | |
|-------------------------------------|-------------------------------------|---|--------------------------|--------------------------|---|
| <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | Tylenol™/ Acetaminophen (doulè, fyèv) | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | Siwo pou Tous/ Syrup (cough) |
| <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | Advil™/ Motrin™ / Ibuprofen (doulè, fyèv) | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | Krèm Idwokòtizòn <i>Hydrocortisone</i> (enfòmasyon, demanjezon) |
| <input checked="" type="checkbox"/> | <input checked="" type="checkbox"/> | Pepto™ pou timoun / Kalsyòm Kabonat (endijesyon upset stomach) | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | Zyrtec™ / Cetirizine (alèji, reyaksyon alèjik) |
| <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | Likid Pepto-Bismol™ / Bismuth Subsalicylate (vomi, endijesyon, kèplen - upset stomach) | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | Pomad antibyotik (blesi, enfeksyon) |
| <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | Likid Antacid / Aliminyòm Idwosid / Mayezyòm Idwosid, Simethicone (kèplen, endijesyon -upset stomach) | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | Gout pou je s (eye drops) |
| <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | Pou malgòj Lozenge / Benzocaine / Menthol (tous, malgòj) | | | |

Èske pitit ou te gen youn nan kondisyon sa yo oswa pwoblèm sante?

- | WI | NON | | WI | NON | |
|--------------------------|--------------------------|--|--------------------------|--------------------------|--|
| <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | Lestonmak boule / Acid Reflux (Heartburn) | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | Maladi jenetik |
| <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | ADD/ADHD (Twoub Defisi Atansyon) | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | Tansyon wo / High Blood Pressure |
| <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | Anksyete | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | Maladi ren |
| <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | Las/asma | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | Migrèn Tèt fèmal |
| <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | Twoub Otis/ Autism spectrum disorder | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | Kriz /Seizure Disorder |
| <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | Reta Koyitif/Entelektyèl oswa andikap, dizabilite | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | Anemi falsifòm |
| <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | Malfòmasyon kadyak konjenital /Conjenital Heart Defect | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | Reta nan pale/langaj oswa twoub langaj |
| <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | Konstipasyon | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | Chiriji: Apendis retire |
| <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | Deprime | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | Chiriji: Tib orikilè (Ear Tubes) |
| <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | Dyabèt | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | Chiriji: Amidal retire |
| <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | Ekzema | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | Lòt eta sante (tanpri esplike): |

Èske pitit ou gen yon doktè swen primè (primary care doctor)?

Hazel itilize enfòmasyon sa pou kowòdone avèk doktè elèv la epi enfòmasyon doktè a si pitit ou tè yon vizit medikal ak Hazel. Ban-nou nimewo faks doktè ou ap pèmèt Hazel voye yon rezime konsiltasyon vizit la bay doktè elèv la.

- WI NON _____
- Non Doktè Elèv la _____ Telefòn _____ Faks _____

Hazel Health Services Otorizasyon pou Sant Sante Lekòl

Pou rezon Notis sa, lè nou fè referans a "ou" oswa "nou," nou vledi ou menm kòm yon paysan (vledi ou satisfè kritè leta pou laj elèv majè, swa minè emansipe, oswa minè ki pa akonpaye) oswa ou kòm moun kap bay enfòmasyon sou yon paysan minè (vledi ou se yon gadyen legal otorize oswa reprezantan legal otorize timoun la).

Konprann ou ka bezwen swen sante, sante konpòtmantal, oswa tè evalyasyon medikal nan lekòl la oswa andeyò lekòl la, nan dokiman sa ou otorize Hazel Health Services, grasa sèvis telesante Hazel Health Services, pou li inisyè epi administre swen premye sekou oswa lòt ekzamen medikal oswa sante konpòtman ak tretman, si yo jije sa apwopriye selon sikonstans, epi ou bay konsantman resevwa tretman. Ou konprann ou andwa refize tretman, Hazel Health pap founi sèvis dijans. Nan sitiyasyon ijans (emèjensi), Lekòl la ap swiv potokòl apwopriye epi lap mande yon pwofesyonèl sante kalifye trete ou. Ou konprann Hazel Health Services pap toujou disponib akòz kapasite oswa lòt rezon epi Hazel Health Services ka itilize teknoloji twazyèm pati pou dokimante epi anrejistre sèvis klinik ki te founi. Ou otorize Hazel Health Services oswa delege-li kontakte epi kite mesaj vokal, tèks mesaj, ak/oswa imel, epi enfòmasyon sante pwoteje oswa enfòmasyon pèsònèlman idantifyab, tankou dyagnostik ou, ak/oswa enfòmasyon esansyèl sou pwodi, sèvis ak patenarya Hazel Health, nap itilize enfòmasyon kontak ke ou oswa Lekòl la te bay. Ou ka chwazi pa resevwa tèks lè ou reponn ak mo STOP apati aparèy mobil ou kap resevwa tèks mesaj yo oswa lè ou kontakte Hazel Health Services pa telefòn, nimewo 1-800-764-2935, voye yon imel nan adrès elektwonik support@hazel.co, oswa ekri yon lèt, adrès 8300 Esters Blvd., Ste. 900, Irving, TX 75063. Ou konprann tou transmèt enfòmasyon pèsònèl sante ak/oswa enfòmasyon ki ka idantifye ou pèsònèlman petèt pa sekirize epi li ka menm vin aksesib ilegalman pa yon twazyèm pati. Nenpòt enfòmasyon medikal oswa demografik ou bay Lekòl la ka pataje l avèk Hazel Health epi Hazel Health Services. Plis konsantman akòde a Lekòl la pou pataje dosye elèv anrapò ak tretman medikal ak/oswa dyagnostik avèk Hazel Health Services.

1. BI. Bi fòm sa se obteni konsantman ou pou patisipe nan konsiltasyon telesante-*telehealth* (sèvis sante adistans). Konsantman sa ap otorize divulge ransèyman medikal sou ou, ikonpri enfòmasyon medikal pèsònèl-idantifyab. Gwoup kap resevwa enfòmasyon yap divulge se Distri lekòl ou, Health Information Exchanges, Hazel Health ak Hazel Health Services epi kontraktè-li epi pwofesyonèl nan domenn sante, pèsònèl administratif, ak anplwaye Hazel Health epi Hazel Health Services pou rezon tankou tretman, analiz, rechèch oswa administrasyon jeneral. Divilgasyon sa ap otorize pataje enfòmasyon ki gen ladann enfòmasyon medikal pèsònèl-idantifyab avèk disponiblite enfòmasyon pou Lekòl la, Distri lekòl ak anplwaye li. Ou otorize Hazel Health oswa Hazel Health Services itilize enfòmasyon pèsònèl-idantifyab ou pou devlopman ak amelyorasyon lojisyèl (sòfwè), materyèl enfòmasyonik (hardware), ak pou zouti epi resous ki asosye prepare pou amelyore sèvis founi pa pwofesyonèl medikal, estaf administratif, kontraktè ak anplwaye Hazel Health epi Hazel Health Services. Konsantman sa ap otorize tou divilgasyon enfòmasyon, dyagnostik, ak dosye ki gen ladann ransèyman sante pwoteje ou epi enfòmasyon asosye. Enfòmasyon sa ap sèvi pou rezon swivan faktirasyon (billing) kòmèsyal, pou òganis/ajans peyè swen sante, pou peyè swen sante onivo leta ak/oswa federal, ikonpri men pa limite, ak plan Medicaid leta. Bi divilgasyon sa se obteni enfòmasyon ak/oswa renimerasyon pou ranbousman sèvis medikal.

a. Rezidan Texas: Lè ou siyen fòm sa, ou otorize klèman Hazel Health, Hazel Health Services, ak nenpòt kontraktè li, vandè oswa afilye li, voye yon bòdo (bil) bay Medicaid ak lòt peyè pou sèvis spesifik yo te founi ou, jan sa esplike nan aktyèl Admisyon, Revizyon ak Ranvwa/plan Pwogram Edikasyon Endividyalize [Admission, Review and Dismissal/ Individualized Education Program ("ARD/IEP") plan], enkli nan Sante Lekòl ak Sèvis Asosye/School Health and Related Services ("SHARS").

Kapasite ou pou resevwa sèvis andeyò milye eskolè a pap afekte. Ou ka retire konsantman ou nenpòt lè senpleman imel support@hazel.co. Ou konprann ou ka chwazi founisè swen sante/doktè ou epi ou pa gen okenn obligasyon seleksyone Hazel Health oswa Hazel Health Services kòm yon founisè swen sante pou ou. Ou konprann ou responsab, pran responsablite ou kòm paysan, peye nenpòt depans peyè swen sante oswa lòt ajans pap kouvri epi peye. Wap gen aksè a tout ransèyman medikal sèvis telesante genyen jan lalwa prevwa l pou sitiyoasyon aksè dosye medikal si yon paysan mande aksè.

- 2. NATI KONSILTASYON TELESANTE/TELEHEALTH.** Pandan konsiltasyon telesante, men sa ki ka rive:
 - a. Yo ka diskite ak lòt pwofesyonèl sante, ransèyman istwa medikal ak konpòtman ou, ekzamen medikal, x-rays, ak tèst evalyasyon medikal, si sa nesèsè medikalman.
 - b. Ekzamen fizik ak evalyasyon konpòtman ou ka fèt adistans an prezans yon medsen grasa teknoloji yon aplikasyon mobil, itilize odyo, videyo, oswa foto lè sa nesèsè medikaman, pou bay swen. Se pa tout maladi, eta sante ki ka trete pandan yon konsiltasyon telesante.
 - c. Pèsonèl non-medikal, estaf lekòl, anplwaye Hazel Health Services ak/oswa entèprèt ka prezan pou ede ak langaj epi ak aspè enplimantasyon teknik konsiltasyon an. Ou otorize pèsonèl lekòl la, enfimyè lekòl la ak pèsonèl non medikal, bay pitit ou medikaman, epitou ede l pran medikaman achte sou kontwa.
- 3. POINT-OF-CARE TESTING.** Mwen bay konsantman mwen pou yo fè tèst evalyasyon sou plas anndan lekòl la kote yap bay sèvis la (point-of-care), lè sa endike medikalman.
 - a. Konplikasyon posib ekzamen medikal sou plas ka enkli malèz tanporè, ti iritasyon oswa twoma lokalize nan kote ki afekte a.
- 4. ENFÒMASYON AK DOSYE MEDIKAL.** Tout lwa ki egziste konsènan aksè enfòmasyon medikal ou epi kopi dosye medikal aplikab a konsiltasyon telesante sa. Diplis, distribisyon, izaj potansyèl ki sou lis nan konsantman sa, imaj-pasyan-idantifyab oswa enfòmasyon entèaksyon pandan konsiltasyon telesante sa pap rive san konsantman esplicit ou, sòfsi ou otorize Hazel Health Services divulge ransèyman sante pwoteje ou. Gwoup kap resevwa ransèyman sa se reprezantan lekòl, enfimyè lekòl, doktè, Hazel Health oswa lòt founisè swen sante ak peyè pou tretman, administrasyon epi pou rezon faktirasyon (biling). Ou otorize Hazel Health kenbe epi sovgade dosye medikal ou annakò ak lwa epi regilasyon aplikab. Pou obteni yon kopi dosye medikal oswa jwenn aksè a enfòmasyon medikal ou, tanpri soumèt demann ou nan adrès elektwonik support@hazel.co oswa rele nimewo 1-800-76-HAZEL.
 - a. Rezidan Nevada: Konfòmeman ak N.R.S. 629.051, destriksyon dosye sante dwe fèt apre yon peryòd tan senk ane.
- 5. KONFIDANSYALITE.** Tout efò rezonab epi apwopriye te fèt pou elimine ris konfidansyalite ki asosye avèk konsiltasyon telesante, epi tout pwoteksyon konfidansyalite ki egziste anba lwa federal ak leta aplikab a enfòmasyon ki te divulge pandan konsiltasyon telesante sa.
- 6. DWA.** Ou andwa kenbe oswa retire konsantman ou, nenpòt lè, pou konsiltasyon telesante, divulgasyon enfòmasyon ki ka idantifye ou pèsonèlman, pou nenpòt ajans leta oswa federal oswa lòt twazyèm pati, oswa nenpòt sèvis. Ou rekonèt yo te enfòmè ou de dwa ou pouw resevwa yon kopi otorizasyon kòm siyatè otorizasyon an.
- 7. RISK, KONSEKANS AK AVANTAJ.** Ou byen konsyan de ris potansyèl, konsekans, limitasyon, ak avantaj telesante. Ou konprann risk esansyèl ki asosye ak elektwonik epi telekominyasyon epi potansyèl echèk teknoloji. Ou te gen opòtinite poze kesyon sou enfòmasyon sa epi nou te reponn tout kesyon ou. Ou konprann enfòmasyon alekri ki disponib anwo a. Ou chwazi enskri nan sèvis sante Hazel Health Services epi yo pa fòse ou itilize pwogram sa.

8 . NOTIS POU KLIYAN KONSÈNAN PLENT (KONPLENT).

a. Rezidan Kalifòni: The Board of Behavioral Sciences (Konsèy Syans Konpòtman) resevwa epi envestige konplent konsènan sèvis ki te founi nan kad pratik terapè konjikal epi familyal. Ou ka kontakte konsèy la sou sit entènèt www.bbs.ca.gov, oswa rele nimewo (916) 574-7830.

b. Rezidan Texas: Pou konplent ou vle fè kont swa doktè, lòt antite ki gen lisans ak titilè anrejistremant nan Konsèy Medikal Texas, asistan medikal (physician assistants), akupunctè, ak asistan chirijikal, rapòte konplent epi mande envestigasyon, nan adrès sa: Texas Medical Board, Attention: Investigations, 333 Guadalupe, Tower 3, Suite 610, P.O. Box 2018, MC-263, Austin, Texas 78768-2018. Asistans pou depoze yon plent disponib lè ou rele nimewo sa: 1-800-201-9353. Pou plis enfòmasyon, vizite sit entènèt nou www.tmb.state.tx.us.

9 . MOUN KI MAJÈ, MINÈ EMANSIPE, OSWA MINÈ KI PA AKONPAYE.

a. Rezidan Kalifòni: Si wap siyen fòm sa kòm yon minè nan non ou, ou reprezante epi afime ou se yon minè emansipe an Kalifòni selon definisyon lwa Emancipation Minors Law Div 11. Part 6, Chapter 1, 7000, swa ou siyen fòm la kòm minè ki pa akonpaye anba lwa Kalifòni, oswa rive nan laj majè nan leta Kalifòni, swa ou gen lòt pouvwa legal anba lwa Kalifòni epi gen kapasite siyen konsantman sa.

b. Tout lòt eta: Si ou siyen fòm sa kòm yon minè nan non ou, ou reprezante epi afime ou se yon minè emansipe nan eta kote ou rezide, swa yon minè ki pa akonpaye anba lwa leta kote ou rezide, oswa otremant ou gen otorite legal anba lwa leta kote ou rezide epi gen kapasite siyen konsantman sa.

Notice of Privacy Practices - Hazel Health Services Affiliated Covered Entity

Avi Pratik Konfidansyalite – Hazel Health Services Antite Afilye

Pou rezon nan Avi sa, lè nou refere a "ou" oswa "nou," nou vledi ou, kòm yon paysan, oswa ou kap founi enfòmasyon sou yon paysan minè.

AVI (NOTIS) SA DEKRI KOUMAN ENFÒMASYON MEDIKAL SOU OU YO KA ITILIZE EPI DIVILGE ENFOMASYON AN EPI KOUMAN OU KA JWENN AKSÈ A ENFÒMASYON SA. TANPRI REVWA LI AK ANPIL ATANSYON.

Avi Pratik Konfidansyalite ("Avi") dekri kouman Telehealth Services USA oswa Telehealth Services South d/b/a Hazel Health Services ak manm antite li, *Affiliated Covered Entity* (kolektivman "nou" oswa "nou") ka itilize epi divulge ransèyman sante pwoteje ou, pou egzekite tretman, fè peman oswa soutni sistèm operasyonèl ak pou lòt rezon ki otorize oswa lalwa ekzije. Yon antite afilye, *Affiliated Covered Entity*, se yon gwoup founisè swen sante, sou pwopriyete oswa kontwòl komen, ki deziye tèt-li kòm yon sèl antite pou rezon respekte epi an règ ak lwa asirans sante ki rele, Health Insurance Portability and Accountability Act ("HIPAA"). Manm antite afilye, *Hazel Health Services Affiliated Covered Entity*, ap youn ak lòt pataje ransèyman sante pwoteje pou tretman, peman, ak sistèm operasyonèl swen sante *Hazel Health Services Affiliated Covered Entity* epi selon sa HIPAA otorize ak Avi Pratik Konfidansyalite sa. Pou yon lis konplèt manm *Hazel Health Services Affiliated Covered Entity*, tanpri kontakte ofis Hazel Health Services Privacy Office.

"Protected health information" oswa "PHI", "ransèyman sante pwoteje" se enfòmasyon sou ou, ki enkli enfòmasyon demografik ki ka idantifye ou epi ransèyman ki anrapò ak pase, prezan oswa avni eta sante oswa kondisyon fizik ou, epitou ak tretman oswa peman sèvis swen sante. Avi sa dekri dwa ou pou gen aksè epi kontwòl sou ransèyman sante pwoteje ou.

ITILIZASYON AK DIVILGASYON RANSÈYMAN SANTE PWOTEJE:

Founisè swen sante ak doktè nou, estaf nou, ak lòt moun andeyò ofis nou kap patisipe nan swen ak tretman ou, ka itilize epi divulge ransèyman sante pwoteje ou, nan bi ba-ou sèvis swen sante, soutni sistèm operasyonèl nou, epi chache obteni peman pou swen ou te resevwa, epitou pou nenpòt lòt itilizasyon otorize oswa lalwa ekzije.

TRETMAN:

Nap itilize epi divulge ransèyman sante pwoteje ou, pou founi, kowòdone, oswa jere swen sante ou ak lòt sèvis ki asosye. Sa enkli kowòdinasyon oswa jesyon swen sante ou avèk yon twazyèm pati. Paregzanp, dimoman yo refere ou bay yon doktè oswa founisè swen sante, nou ka pase ransèyman sante pwoteje ou, ba-li. Se pou asire doktè resevwa enfòmasyon ki endispansab epi aksesib pou fè yon dyagnostik oswa trete ou.

PEMAN:

Ransèyman sante pwoteje ou ka sèvi pou yon bil/bòdwò oswa obteni peman sèvis swen sante ou te resevwa. Sa ka enkli sèten aktivite plan asirans sante ou prevwa, plan an va inisyè avan li apwouve oswa peye sèvis ou, tankou: fè yon detèminasyon elijibilite oswa kouvèti asirans sante pèmèt ki benefis ou ka resevwa epi dapre plan an nap revwa sèvis yo te ba-ou akòz nesite medikal.

SISTÈM OPERASYONÈL SWEN SANTE:

Nou ka itilize oswa divulge, kòm sa nesèsè, ransèyman sante pwoteje ou, nan bi sipòte aktivite administrasyon ofis sa. Aktivite sa yo enkli, men pa limite ak, amelyore kalite swen, bay enfòmasyon sou tretman altènatif oswa lòt avantaj ak sèvis anrapò ak sante, devlopman oswa mentnans epi sipò sistèm enfòmasyon, sèvis legal, epi fè odit ak reyalize konfòmite règ ak pwogram yo, fwòd, investigasyon sou gaspiyaj ak abi ladann tou.

ITILIZASYON AK DIVILGASYON KI PA EKZIJE NOU GEN OTORIZASYON OU:

Nou ka itilize oswa divulge ransèyman sante pwoteje ou nan sityasyon sa yo san nou pat bezwen otorizasyon ou anvan. Sityasyon sa yo enkli itilizasyon ak divilgasyon sa yo: selon sa lalwa ekzije; pou rezon sante piblik; pou rezon siveyans swen sante; pou fè rapò abi oswa neglijan; annakò ak kondisyon ekzijib Administrasyon Manje ak Dwòg/*Food and Drug Administration* mande; an koneksyon ak pwosedi lajistis; pou ranfòsman lalwa ak lapolis; pou medsen lejis, direktè mezon finèb ak ajans responsab donasyon ògan; pou sèten rechèch; pou aktivite kriminel; pou sèten aktivite militè ak kesyon sekirite nasyonal; pou rapò konpansasyon, dedomaje travayè; anrapò ak sèten prizonye epi fè rapò sou yo; ak lòt itilizasyon epi divilgasyon ki ekzijib. Anba lalwa, lè ou mande, nou dwe kominike sèten divilgasyon, epi lè Secretary of the Department of Health and Human Services (Minis Depatman Sante ak Sèvis Imen) mande nou investigate oswa detèmine si nou respekte kondisyon ekzijib règ lwa asirans sante, Health Insurance Portability and Accountability Act (HIPAA). Lwa Leta ka mete plis restriksyon sou divilgasyon sa yo.

ITILIZASYON AK DIVILGASYON KI EKZIJE NOU MANDE OTORIZASYON OU:

Konsantman ou nesesè pou lòt itilizasyon ak divilgasyon ki otorize epi ekzijib. Wap gen otorizasyon oswa opòtinite fè objeksyon esepite si lalwa otorize oswa ekzije l. San otorizasyon ou, pou rezon maketin, yo entèdi nou espreseman itilize oswa divulge ransèyman sante pwoteje ou. Nou pap kapab san otorizasyon ou, vann ransèyman sante pwoteje ou. Nou pap itilize ransèyman sante pwoteje ou pou kolekte lajan. Toutfw a si ou ban-nou yon otorizasyon pou sèten itilizasyon ak divilgasyon enfòmasyon ou, ou ka revoke otorizasyon sa, nenpòt lè, alekri, esepite si nou pran yon aksyon baze sou itilizasyon oswa divilgasyon ki endike nan otorizasyon sa.

DWA OU ALEGA PWOTEKSYON ENFÒMASYON SOU SANTE OU:

Ou andwa enspekte, egzamine epi kopye ransèyman sante pwoteje ou.

Ou andwa mande aksè a oswa modifikasyon nan ransèyman sante pwoteje ou.

Ou andwa mande mete restriksyon sou itilizasyon oswa divilgasyon enfòmasyon sante/pèsonèl ou, ou deja gen pwoteksyon. Ou dwe fè yon demann alekri epi esplike klèman restriksyon spesifik wap mande a epi sou kilès moun ou vle restriksyon an aplike. Nou pa oblije dakò ak restriksyon ou mande a, esepite si restriksyon ou mande a se yon divilgasyon sou yon plan sante pou peman oswa pou rezon sistèm operasyonèl swen sante konsènan yon sèvis ke ou te peye dirèkteman.

Ou gen dwa mande resevwa kominikasyon konfidansyèl grasa mwayen altènatif oswa nan yon lokasyon altènatif ou vle nou voye enfòmasyon an. Nap respekte tout demann rezonab ou te soumèt alekri ki spesifye kouman oswa ki kote ou vle resevwa kominikasyon sa yo.

Ou gen dwa mande yon modifikasyon ransèyman sante pwoteje ou. Si nou refize demann modifikasyon ou, ou andwa depoze yon deklarasyon dezakò ak nou. Nou ka prepare yon replik nan yon deklarasyon epi nap ba-ou yon kopi repons nou ak agiman nou.

Ou gen dwa resevwa yon lis kontablite sèten divilgasyon (accounting of certain disclosures) ransèyman sante pwoteje ou, ke nou te fè, sou fòm papyè oswa elektwonik, esepite pou sèten divilgasyon nap pouswiv otorizasyon, pou rezon tretman, peman, sistèm operasyonèl swen sante (amwenske enfòmasyon an kenbe elektwonikman nan dosye sante); oswa pou lòt rezon.

Ou andwa obteni yon kopi Avi sa sou fòm papyè, lè ou fè yon demann, menmsi ou te deja mande . pou ou resevwa avi a elektwonikman pa imel.

Tanpri kontakte privacy@hazel.co pou mande nenpòt dokiman ki mansyone anwo a.

REVIZYON NAN AVI SA:

Nou rezève dwa nou revize Avi sa epi mete disponib Avi revize a efektif pou enfòmasyon sante pwoteje nou deja genyen epi tou efektif tou pou nenpòt enfòmasyon nap resevwa alavni. Ou andwa gen yon kopi Avi sa ki aktyèlman anvigè. Si gen chanjman siyifikatif nan Avi sa nap poste yo sou sit entènèt nou.

VYOLASYON SEKIRITE ENFÒMASYON SANTE:

Nap notifie ou si yo te siyale epi dekouvri yon vyolasyon sekirite ransèyman sante pwoteje ou. Nap voye notifikasyon ba-ou nan 60 jou apre yo dekouvri vyolasyon sekirite epi nap enkli yon deskripsyon kout kouman vyolasyon sekirite te rive, ransèyman sante pwoteje ki te konsènen epi nap ba-ou kontak enfòmasyon epi ou ka poze kesyon ou vle.

PLENT/KONPLENT:

Plent/konplent osijè Avi sa oswa kouman nou trete ransèyman sante pwoteje ou, ta dwe al jwenn HIPAA Privacy Officer nou (Ofisye anchaj konfidansyalite dosye) nan adrès elektwonik privacy@hazel.co. Si ou pa satisfè sou fason yon konplent trete, ou ka soumèt yon konplent fòmèl bay depatman Department of Health and Human Services, Office for Civil Rights. Voye yon lèt nan adrès postal 200 Independence Avenue, S.W., Washington, D.C. 20201, oswa rele nimewo 1-877-696-6775, oswa vizite sit www.hhs.gov. Nou pap pran revanch kont ou paske ou depoze yon plent.

Nou dwe respekte devwa ak responsablite epi pratik konfidansyalite, ki dekri nan Avi sa. Nap kenbe konfidansyalite ransèyman sante pwoteje ou epi nap notifie tout moun ki afekte apre yon vyolasyon sekirite pwoteksyon ransèyman sante ou. Si ou gen kesyon apwopode Avi a, tanpri kontakte nou nan nimewo (415) 424-4266 epi mande pale ak HIPAA Privacy Officer nou, (Ofisye ki anchaj kesyon konfidansyalite) oswa imel privacy@hazel.co.

Fòm Notifye Chwa konsènan Liv ak Materyèl Lekti Bibliyotèk (Tout Klas) 2025-2026

THE SCHOOL BOARD OF BROWARD COUNTY, FLORIDA
LIBRARY MEDIA SERVICES
FOM NOTIFYE CHWA KONSENAN LIV AK MATERYEL LEKTI
LIBRARY READING MATERIALS OPT OUT FORM

Kòm paran, ou toujou gen dwa chwazi pou pitit ou pa prete (tcheke) liv ak materyèl bibliyotèk la. Tanpri ranpli fòm Notifye Chwa (Opt Out Form).

Yon fwa ou soumèt fòm la:

- Mizajou kont bibliyotèk pitit ou va fèt nan Destiny Sistèm Jesyon Bibliyotèk nou (Destiny Library Management System).
- Nou ankouraje ou pale ak pitit ou sou desizyon sa epi asire ou pitit ou konprann desizyon an anvan lal vizite bibliyotèk la.

Bi nou se rann pwosesis sa pi fasil epitou respekte preferans ou. Si ou gen kesyon oswa ou bezwen enfòmasyon adisyonèl, tanpri kontakte direktè/tris lekòl pitit ou.

_____ **MAP** pèmèt pitit mwen prete liv ak materyèl bibliyotèk la.

_____ **MWEN PAP** pèmèt pitit mwen prete liv ak materyèl bibliyotèk la.

Non Elèv la (EKRI AN LET DETACHE)

Siyati, Dat

Non Paran/Gadyen (EKRI AN LET DETACHE)

Paran/Gadyen Siyati, Dat

Kesyonè sou Lojman Elèv (SHQ) (Tout Klas) 2025/2026



KESYONÈ SOU LOJMAN ELÈV (SHQ)

ATANSYON paran, gadyen, pèsònèl swayan, ak jenn ki pa akonpaye (ki pap viv ak yon paran oswa responsab legal): Bi kesyonè sa se ede idantifye timoun ak jenn ki nan laj pou al lekòl kap fè esperyans enstabilite lojman epitou **ki pa gen yon kay fiks, regilye epi adekwa pou ale lannwit** selon definisyon Lwa Subtitle VII-B McKinney-Vento Homeless Assistance Act (42 U.S.C. 11431 et seq.). Dapre reglemantasyon federal sa, Lekòl Piblik, Broward County Public Schools, responsab wete tout baryè nan sistèm la ki ka anpeche edikasyon elèv kap fè esperyans yon sityasyon san lojman epitou mete anplas pwogram la selon dispozisyon lalwa grasa èd Ekip Resous Asistans Edikasyon Elèv san Lojman (HEART).

ENSTRIKSYON: KONLETE KESYONÈ SA SÈLMAN SI OU PA POSEDE OSWA LWE YON KAY NAN NON OU.

Lè ou reponn kesyonè sa, pitit ou (pitit ou yo) ki nan laj pou ale lekòl (oswa jenn ki pa gen lojman e ki pa akonpaye) ka kalifye pou jwenn sèvis ak resous McKinney-Vento grasa pwogram HEART ki va ede asire establi nan edikasyon.

TANPRI RETOUNE FÒM SA NAN LEKÒL PITIT OU (PITIT OU YO) TOUSWIT APRE OU FIN KONLETE LI!

1. AK KILÈS ELÈV LA (ELÈV-YO) RETE KOUNYEA?

- Paran
 Responsab, Gadyen Legal
 Adilt (+18 ane) kap okipe elèv la (-yo); nan moman sa elèv la pa ka abite nan kay ak paran oswa gadyen li*
 Mwen se yon **jenn ki pa akonpaye**. Mwen pa rete ni
 ak paran mwen ni ak gadyen legal mwen kounyea.

***ENPÒTAN: Tanpri kontakte lekòl elèv la epi mande fòm otorizasyon HEART Caregiver Authorization Form, epi ou dwe konplete fòm la.**

2. KOUNYEA MWEN RETE AVÈK PITIT MWEN KI NAN LAJ AL LEKÒL NAN YOUN NAN REZIDANS POU LANNWIT TYEKE YON NAN LIS SA:

- Nan yonabri tranzisyon oswa pou sityasyon ijans, oswa abandonne lopital (A)
 Mwen abite ak yon manm fanmi oswa zanmi (pataje kay) akòz mwen pèdi lojman mwen, pwoblèm ekonomik, oswa lòt rezon similè (B)
 Nan yon machin, pak, tanporèman nan pak woulòt (trailer park) oswa teren kanping akòz mank akomodasyon adekwa altènatif; espas piblik, bilding abandone, lojman ki pa nan bonneta selon nòm; estasyon bis oswa tren, plas piblik oswa prive se pa yon akomodasyon regilye kote moun dòmi, oswa menm lòt kalite anvwonman (D)
 Nan yon otel oswa motel akòz mank akomodasyon adekwa oswa altènatif akòz mwen pèdi lojman mwen, pwoblèm ekonomik oswa lòt rezon similè (E)

***Tanpri tyeke youn:** se mwen menm ki peye otel oswa motel la
 yon ajans oswa òganizasyon sèvis sosyal peye otel ou motel la

3. KISA KI LAKÒZ OU MENM AK PITIT OU (PITIT OU YO), OSWA JENN KI PA AKONPAYE RETE KOUNYEA NAN REZIDANS POU LANNWIT SA?

- Dezas lezòm lakòz (D) Enkonni (U) Pandemi (P)
 Inondasyon (F) Tranbleman tè (E) Tònad (T)
 Pèdi kay la (M) Siklòn (H) Ensandi nan lanati (W)
 Tanpèt twopikal (S)
 Lòt kòz posib ki fè yon moun san lojman: mank lojman a pri abòdab, pòv lontan, pap travay oswa pa nan bon travay, vyolans domestik, degèpisman etc. (N)

TANPRI KONLETE ENFÒMASYON EKZIJIB KI ANBA A POU TOUT TIMOUN KI NAN LAJ AL LEKÒL (PREK-12) KI ENSKRI, OSWA BYENTO PRAL ENSKRI NAN YON LEKOL PIBLIK, OSWA LEKOL CHARTER BROWARD COUNTY, FL. SI OU GEN TIMOUN KI ANWOLE NAN PLIZYÈ LEKÒL TANPRI RETOUNE YON SÈL KESYONÈ OU KONLETE NAN CHAK LEKÒL.

Tout Non Elèv la (Prenon, Inisyal Non Mitan, ak Siyati)	# ID Elèv la	G/F	Data nesans (mm/dd/yyyy)	Ane (Grade)	Lekòl elèv la enskri kounyea

4. LALWA FLORIDA STATUTE 837.06 ESPEFIFYE KLÈMAN NENPÒT MOUN KI KONSYAMAN FÈ YON FO DEKLARASYON ALEKRI NAN LENTANSYON TWONPE VIJILANS YON ANPLWAYE NAN FONKSYON OFISYÈL LI, MOUN SA KOUYAB YON DELI DEZYÈM DEGRE.

Lè mwen siyen anba a, mwen ateste enfòmasyon mwen bay la ekzak t epi kòrèk:

_____	_____	_____	_____
Prenon ak Non Paran/Gadyen	Relasyon ak elèv la (elèv yo)	Siyati	Dat
_____	_____	_____	_____
Adrès elèv la (elèv yo) kounyea	Vil, Eta, Zipkòd	Ansyen adrès elèv la (elèv yo)	Vil, Eta, Zipkòd
_____	_____	_____	_____
Konben tan ou pase nan adrès sa	Nimewo Telefòn	Imel adrès (adrès elektwonik)	

Se swa paran, swa responsab elèv (guardian), moun kap okipe elèv la (caregiver), oswa jenn ki pa akonpaye ki san lojman, non-li ekri anwo a, ki ban-mwen otorizasyon konplete fòm SHQ onon elèv la (elèv yo) ki idantifye sou lis anwo a.

Non Moun kap ranpli fòm sa:

Siyati

Tit/Òganizasyon

+ Fè yon "X" byen klè andedan kare a. Si ou fè yon erè, kolore tout kare a epi chwazi repons ki kòrèk la. +

8. Ane pase, èske pitit ou te mande pèmisyon pou li mache oswa monte bisiklèt pou li fè trajè ant lekòl ak lakay? Wi Non

9. Nan ki klas wap kite pitit ou swa mache swa monte bisiklèt pou lal lekòl oswa sot lekòl san yon granmoun pa akonpaye li?
(Seleksyone yon klas ant PK, K, 1, 2, 3 ...) klas (oswa) Kèlkeswa klas lap fè m pa santi mwen alèz ak lide sa

+ Fè yon "X" byen klè andedan kare a. Si ou fè yon erè, kolore tout kare a epi chwazi repons ki kòrèk la. +

10. Pami pwoblèm ki site anba a, kilès nan yo ki afekte desizyon kite oswa pa kite pitit ou, mache oswa monte bekann, aleritou ant lekòl ak lakay? (Seleksyone yon sèl opsyon sou chak liy, fè yon X andedan kare a)

- Distans Wi Non Pa fin Si
- Monte nan machin pou kondwi pitit mwen pi fasil Wi Non Pa fin Si
- Sa pran mwens tan Wi Non Pa fin Si
- Aktivite pou timoun anvan ak apre lekòl.. Wi Non Pa fin Si
- Trafik sou wout la afiche limit vitès ki wo.. Wi Non Pa fin Si
- Volim/kantite trafik sou wout la Wi Non Pa fin Si
- Adilt mache oswa monte bekann..... Wi Non Pa fin Si
- Sekirite nan kafou-yo ak kote moun travèse Wi Non Pa fin Si
- Monitè ede timoun travèse Wi Non Pa fin Si
- Vyolans oswa krim Wi Non Pa fin Si
- Kondisyon tan oswa klima Wi Non Pa fin Si

11. Èske ou ta kite pitit ou mache oswa monte bekann aleritou ant lakay ak lekòl? (Chwazi yon sèl opsyon, fè yon X andedan bwat seleksyon)
 Pitit mwen konn mache oswa monte bekann ant lekòl ak lakay Wi Non Pa fin si

+ Fè yon "X" byen klè andedan kare a. Si ou fè yon erè, kolore tout kare a epi chwazi repons ki kòrèk la. +

12. Nan opinyon pa-ou, lekòl pitit-ou ankouraje oswa dekouraje timoun mache oswa monte bekann pou yal lekòl oubyen sot lekòl?
 Ankouraje sa anpil Ankouraje Ni youn ni lòt Pa ankouraje Pa ankouraje sa menm

13. Èske pitit ou twouve sa amizan pou li fè trajè aleritou ant lekòl ak lakay apye oswa lè li monte bekann li?
 Amizan Anpil Amizan Ni youn ni lòt Raz Raz Anpil

14. Èske sa bon pou sante pitit ou lè ou kite li mache oswa monte bekann aleritou ant lakay ak lekòl?
 Bon Anpil pou Sante Bon pou Sante M pouryen Pa bon pou sante Pa bon pou sante ditou

+ Fè yon "X" byen klè andedan kare a. Si ou fè yon erè, kolore tout kare a epi chwazi repons ki kòrèk la. +

15. Ki pi gwo klas ou fini lekòl oswa ane lekòl ou konplete?
 Premye ane rive 8tyèm ane (Primè) 1 rive 3 ane kolèj (Kèk ane kolèj oswa lekòl teknik)
 9vyèm ane rive 11zyèm ane (Kèk klas ayskoul) 4 ane kolèj oubyen plis (Diplome kolèj)
 12zyèm ane oswa GED (diplome Ayskoul) Prefere pa reponn

16. Tanpri ekri kòmantè adisyonèl nan espas anba a.

Fòm Notifye Chwa Ou Sondaj Elèv Ladrès pou Lavi ak Byennèt (LSW)

Life Skills and Wellness (LSW) – Ladrès pou Lavi ak Byennèt (LSW) pèmèt elèv yo kwè nan tèt yo, soutni sante mantal ak emosyonèl; kifè, elèv yo kapab simonte difikilte epi epanwi yo pandan yap prepare yo antre nan mond travay 21inyèm syèk. Nan kad Plan Amelyorasyon Lekòl (SIP) Distri a, inisyativ LSW fè pwomosyon sèvis sipò santrè sou-tout-timoun lan, ede elèv yo reyisi nan etid yo pandan yap devlope ladrès ak kapasite nesèsè pou akonpli tach yo nan mond travay epitou devlope rezilyans. Pou gide enstriksyon efikas LSW, Distri a va fè yon sondaj kout ann Otòn ak Prentan. Se sèl pèsònèl BCPS ki otorize, ki va gen aksè epi itilize done ki te kolekte, pou dirije aktivite lekòl epi founi sèvis pèsonalize LSW pou tout elèv yo. Presizeman, kalite done fòmativ kolekte ap fokis sou konsyans tèt ou, jere tèt ou, abilte nan relasyon, priz desizyon ak rezilyans.

Plis enfòmasyon disponib sou sondaj Elèv, LSW Student Survey, pou elèv klas 4-12, vizite sit [LSW District website](#) oswa fè yon randevous avèk moun ki Lyezon LSW nan lekòl pitit ou (LSW Liaison). Kouman pou entegre LSW lakay ou, resous ak estrateji adisyonèl pou paran, tousa disponib sou paj [LSW Families and Students Resources](#).

SÈL PARAN/GADYEN DWE KONPLETE FÒM SA

Yap enskri pitit ou otomatikman pou li reponn kesyon Sondaj LSW ann Otòn epi Prentan. **Ou bezwen konplete fòm sa si ou vle pitit ou pa patisipe nan sondaj LSW. Si ou pa vle pitit ou patisipe, tanpri tyeke kazye a, konplete enfòmasyon anba a, siyen fòm la, epi retoune fòm la nan lekòl pitit ou nan 10 jou apre premye jou anwolman nan lekòl la.** Si ou pa retounen fòm sa, savledi ou ban-nou pèmisyon kite pitit ou patisipe nan Sondaj LSW.

_____ MWEN **PA** vle pitit ou mwen patisipe nan sondaj LSW ann Otòn ak Prentan.

Non Elèv la _____

Dat Nesans: _____ Klas (Grade): _____ # Elèv _____

Non Lekòl la: _____

Non Paran/Gadyen (an lèt detache) _____

Siyati Paran/Gadyen/Elèv ki Elijib _____ Dat _____

Prèvan Paran Resevwa Liv Kòd Kondwit pou Elèv



Nan liv sa, yo pibliye direktiv ak regleman Distri-a, SBBC Policy 5090 Code of Student Conduct, pou elèv nan Lekòl Piblik Broward County. Regleman-yo aplikab pou tout aktivite kap fèt sou teren yon lekòl oswa nan tout lòt kote lekòl-la chwazi pou òganize aktivite; regleman-yo aplikab nan tout machin ki otorize transpòte elèv. Lè ou siyen anba a sa pa vledi ou dakò oswa ou pa dakò avèk regleman-yo, **men savledi ou revwa regleman-yo nan yon fòm elektwonnik ki se yon kopi regleman sa yo** (<http://www.browardschools.com/codeofconduct>). Retounen fòm-sa-a nan lekòl-la nan 3 jou apre premye jou lekòl louvri oswa retounen fòm-lan, nan twa jou apati dat anwolman elèv-la. Si ou prefere ranpli tout fòm ki egzijib, sou fòm elektwonnik, ou ka jwenn aksè nan fòm-yo ak gid rantrè klas (Back to School Toolkit) apati sit entènèt Portal pou Paran Focus (Focus Parent Portal).

Manman/Papa dwe patisipe nan edikasyon pitit-yo epi gen responsablite:

- Konnen pou sekirite nan lekòl-la, lekòl-yo pa blije bay sipèvizyon plis pase 30 minit anvan lè ofisyèl lekòl-la kòmanse, ni lekòl-yo pa blije bay sipèvizyon plis pase 30 minit apre lè ofisyèl lekòl-la fèmen (FS 1003.31(2)).
- Konnen pou sekirite lekòl-la, epi konsènan elèv ki pran bis lekòl-la, chofè bis-la PA gen dwa rete sou wout pou kite elèv desann bis-la sòf nan estòp ki prevwa pou elèv-yo desann.
- Bay lekòl la, chak ane, non ak/oswa nimewo telefòn kounyea moun lekòl-la kapab kontakte nan ka ijans (emèjensi) epi fè lekòl-la konnen lè gen chanjman nan ransèyman-an.
- Avèti lekòl-la sou tout sa ki kapab afekte kapasite pitit-yo pou yo aprann, vini lekòl regilyèman, oswa patisipe nan aktivite eskolè.
- Konnen yo dwe bay pitit-yo medikaman annakò ak regleman SBBC Polices 6305 ak 6305.1, respekte dispozisyon amannman ki pase, konnen konsekans fè pase ak/oswa vann oswa eseye vann medikaman achte sou kontwa, genyen ak/oswa itilize medikaman ki pa otorize regleman an esplike nan Regleman/Direktiv SBBC Policy 5100. Regleman SBBC Policy 6305 esplike regleman konsènan medikaman achte sou kontwa ak medikaman doktè preskri epi SBBC Policy 5100 esplike konsekans vyolasyon regleman-sa-yo. Ou kapab gade okonplè direktiv ak regleman sou keksyon sante, sispanasyon ak/oswa espilsyon epi tout regleman School Board sou sit: <https://www.browardschools.com/school-board/school-board-policies>
- Andwa konnen si lekòl pitit-ou kenbe dosye elèv-yo konfidansyèl epi prive jan sa defini nan seksyon XI liv-sa-a.
- Konnen ni School Board of Broward County ni anplwaye-li pap responsab pou bagay ki entèdi epi pèdi, yo vòlè oswa konfiske; epitou pou aparèy telekomunikasyon sanfil (wireless communication devices) oswa lòt aparèy teknolojik pèsonnèl ki pèdi, vòlè, oswa konfiske.
- Konnen bagay lekòl-la sezi epi yo pa reklame nan fen ane eskolè-a, yap bay-yo nan òganizasyon charitab zòn-lan.
- Konnen yo responsab pou kondwit pitit-yo aleretu ant lekòl-la ak lakay-yo epi nan estòp bis-la. Yon anviwonman aprantisay ki ofri sekirite e ki favorize aprann se kle pou siksè akademik; kifè, tout aksyon yon elèv fè andeyò kanpis lekòl-la kapab afekte seryèzman abiltè yon lòt elèv pou li aprann lekòl oswa kapab afekte abiltè yon manm pèsonnèl lekòl-la pou li anseye, aksyon-an ap trete kòm yon enfraksyon disiplinè. Pou ensidan grav ki pase nan estòp bis ak/oswa ki pa pase sou pwopriyete School Board, fanmi dwe pran kontak ak lapolis dirèkteman. Pou ennsidan ki konsènan zak bully tankou nwi, entimide, agrese, britalize elatriye (gade definisyon bullying, Section V), yo ta dwe notifiye administratè lekòl-la ki va mennen yon envestigasyon ak/oswa founi asistans ak entèvansyon si direktè lekòl-la/anplwaye ki deziye, jije sa nesèsè. Youn nan entèvansyon posib se kontakte ofisye polis lekòl-la (School Resource Officer)kòm ajan resous pou ede nan sitiyasyon an.
- Asire pitit-yo sèvi ak teknoloji tankou rezon konpitè, zouti dijital, Entènèt, lojisyèl (sofwè), yon fason legal, moral epi responsab, jan sa defini nan Seksyon VII liv Kòd Kondwit sa.
- Fanmi va kontinye asime responsablite-yo vizavi elèv ki vin majè (18 ane oswa pigran) pou tout bi edikatif ak bi disiplin, esepite nan kèk sikonstans lalwa prevwa.

Note: Seleksyon Paran fè sou chak fòm nan Liv Kòd Kondwit pou Elèv ap rete valab jis lè li soumèt/depoze yon nouvo fòm.

Non Elèv la (EKRI AN LET DETACHE)

Siyati Elèv la

Non Paran/Gadyen (EKRI AN LET DETACHE)

Siyati Paran/Gadyen

Dat